Научная статья
УДК 398.22
DOI: 10.31007/2306-5826-2025-4-1-67-161-180

# ЛIЫХЪУЖЬЫР ДУНЕЙМ ЗЭРЕХЫЖЫР АДЫГЭ ЭПОСЫМ КЪЫЗЭРЫХЭЩЫР

***Быхъурэ Мухьэмэд ФуIэд и къуэ***

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал, Налшык, Урысей, mbf72@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6253-4097

© Быхъурэ М.Ф., 2025

***Аннотацэ***. Лэжьыгъэр теухуащ лIыхъужьыр дунейм зэрехыжыр къэзыIуатэ мотивыр адыгэ эпосым къызэрыхэщыр къэпщытэным. Къалэн нэхъыщхьэу щыгъэувахэм ящыщщ нарт пшыналъэхэмрэ хъыбархэмрэ, тхыдэр зи лъабжьэ уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ мотивым зэрызыщиубгъуар, къэIуэтэкIэкIэ зэрызэщхьэщыкI лIэужьыгъуэхэр, ахэр IуэрыIуатэм къыхыхьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуа Iуэхугъуэхэр белджылы къэщIыным. Гулъытэ лей зыгъуэтахэм ящыщщ мотивым и зыужьыкIар къэгъэлъэгъуэныр – пасэрей гупсысэкIэхэм, фIэщхъуныгъэхэм къыщежьэу нарт эпосым и ублапIэ лъэхъэнэм (миф хъыбарыжьхэу Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Лъэпщ, Сэтэней сымэ теухуахэм) къыхыхьэу адэкIэ лIыхъужьыгъэкIэ гъэпса циклхэм (Сосрыкъуэ, Батрэз, Ашэмэз, Бэдынокъуэ сымэ ехьэлIахэм) зэрызыщиужьар, нарт эпосым и ужьыхыжыгъуэ лъэхъэнэм (Пагуэ и къуэ Тэтэрщауэ, Орзэмэджыкъо Ерыщэкъо, Жъэмадыу, н. я циклхэм) щигъуэта теплъэхэр, адэкIэ тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосым (Андемыркъан, ЕщIэнокъуэ зэшхэм, КIэфыщ зэшитIым, Бзэтхьэл и къуитIым, Хьэтхым и КъуэкIасэ, Созэрыхьэ, Къербэч, Хьэсанш, Дамэлей сымэ, н. ехьэлIахэм) зэрыщызэлъыщIэсар гъэнэхуэныр. Пасэрей эпосымрэ нэхъ иужькIэ къэунэхуамрэ зэгъэпщэным къыдэкIуэу, къэхутэныгъэм къыщыхьащ псысэ щапхъэ зыбжани, мы жанрхэр нэщэнэ куэдхэмкIэ зэхъуажэу къызэрызэдэгъуэгурыкIуам къыхэкIыу зэщхьу пкъыгъуэ куэд зэрабгъэдэлъым щхьэкIэ.

***Зэрыгъуэзэн псалъэхэр***: адыгэ IуэрыIуатэ, нарт эпос, тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпос, хъыбар, псысэ, сюжет, мотив
***Цитатэ къызэрыхэпхынур***: Быхъурэ М.Ф. ЛIыхъужьыр дунейм зэрехыжыр адыгэ эпосым къызэрыхэщыр // Вестник КБИГИ. 2025. № 4-1 (67). С. 161–180. DOI: 10.31007/2306-5826-2025-4-1-67-161-180

Original article

# THE MOTIVE OF THE HERO'S DEATH IN THE ADYG EPIC

***Mukhamed F. Bukhurov***

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Nalchik, Russia, mbf72@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6253-4097

© M.F. Bukhurov, 2025

***Abstract***. This article explores one of the little-studied motifs of the Adyg epic – the hero's death. All of its main forms of objectification in the Nart and historical-heroic epics are studied in detail, and the problem of their genesis, evolution, and transformation is cosidered. A significant place is given to the analysis of the methods of realizing this motif

in the early cycles of the epic (mythological tales dedicated to the deeds of the patrons of vegetation, the animal world, fire and blacksmithing Thagalej, Amysh, Tlepsh and stories about Sataney-guasha), heroic cycles about Sosruko, Batraz, Ashamez and Badinoko, in the tales of the final stage of the evolution of the archaic epic (in the cycles about Tatarshao, the son of Pago, Eryshcheko Orzamedzhuko, Zhamadu, etc.), as well as in the songs and legends of the historical-heroic epic of the Adyg (in the tales of Andemirkan, the Yeshanoko brothers, the Kefishevs, the sons of Bzatkhal, about Khatkha Kochasa, Sozarykha, Kerbech, Hasansh, Damalei, etc.). As a result, the evolutionary characteristics of this motif are established depending on the folklore genre in which it is presented. Adyg fairy tale texts and folklore and ethnographic materials from other peoples are used for comparison.

***Keywords**:* Adyg folklore, Nart epic, historical-heroic epic, legend, fairy tale, plot, motive

***For citation**:* Bukhurov M.F. The motive of the hero's death in the Adyg epic. Vestnik KBIGI = KBIHR Bulletin. 2025; 4-1 (67): 161–180. (In Russ.). DOI: 10.31007/2306-5826-2025- 4-1-67-161-180

Научная статья

## МОТИВ ГИБЕЛИ ГЕРОЯ В АДЫГСКОМ ЭПОСЕ

***Мухамед Фуадович Бухуров***

Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук», Нальчик, Россия, mbf72@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-6253-4097

© М.Ф. Бухуров, 2025

***Аннотация**.* Статья посвящена исследованию одного из малоизученных мотивов адыгского эпоса – мотива гибели героя. Детально изучаются все его основные формы объективации в нартском и историко-героическом эпосе, рассматривается проблема их генезиса, эволюции и трансформации. Значительное место отводится анализу способов реализации этого мотива в ранних циклах эпоса (мифологических сказаниях, посвященных деяниям покровителей растительности, животного мира, огня и кузнечного ремесла Тхагаледжа, Амыша, Тлепша и повествованиях о Сатаней-гуаше), героических циклах о Сосруко, Батразе, Ашамезе и Бадиноко, в сказаниях завершающего этапа эволюции архаического эпоса (в циклах о Татаршао, сыне Паго, Ерыщеко Орзамеджуко, Жамаду и др.), а также в песнях и преданиях историко-героического эпоса адыгов (в сказаниях об Андемиркане, братьях Ешаноко, Кефишевых, сыновьях Бзатхала, о Хатхе Кочасе, Созарихе, Кербече, Хасанше, Дамалее и др). В результате устанавливаются особенности эволюции данного мотива в зависимости от фольклорного жанра, в котором он представлен. Для сравнения привлекаются тексты адыгских сказок и фольклорно-этнографические материалы других народов.

***Ключевые слова**:* адыгский фольклор, нартский эпос, историко-героический эпос, сказание, сказка, сюжет, мотив

***Для цитирования**:* Бухуров М.Ф. Мотив гибели героя в адыгском эпосе // Вестник КБИГИ. 2025. № 4-1 (67). С. 161–180. DOI: 10.31007/2306-5826-2025-4-1-67-161-180

ЛIыхъужьыр дунейм зэрехыжыр къэзыIуатэ мотивыр лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я IуэрыIуатэм къызэрыхэщым ехьэлIа къэхутэныгъэ купщIафIэ куэд къыдэкIауэ щыIэхэщ. А псом тепщIыхьмэ, жыпIэ хъунущ, эпосыр джыным зи лэжьыгъэхэр хуэзунэтIа дэтхэнэ зыми мыр гулъытэншэу къимыгъэнауэ. Адыгэ щIэныгъэлIхэм я IэдакъэщIэкIхэми мотивыр щIэпщытыкIыным щIыпIэ щхьэхуэ щыхухэхащ. Псалъэм папщIэ, белджылы къащIащ мы Iуэхугъуэм нарт эпосым зэрызыщиужьар. Апхуэдэу я Iэ лъэIэсащ тхыдэр зи лъабжьэ эпосым дызыщрихьэлIэ лIыхъужь зыбжанэм я дуней ехыжыкIэр къызыхэщыж сюжетхэми. Мотивым и гугъу щIыным XIX лIэщIыгъуэм къыщIадзауэ къэплъытэ хъунуми, нэхъ гупсэхуу мыр джыным щыщIадзар XX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэрщ. Нэхъ пасэу къытрадзахэр е хъыбар, е пшыналъэ зырызхэм теухуа комментарие

кІэщІхэу щытмэ, мы иужьрей лъэхъэнэхэм мотивым Іыхьэ щхьэхуэхэр щыхухэха монографиехэр дунейм къытехьэу щІадзэ. Псом хуэмыдэжу мы Іуэхугъуэм зи гуащІэ хэзылъхьахэм ящыщщ Алий А.И. [Алиева 2019: 23–242], Гъут І.М. [Гутов 2009: 10–52], ХьэдэгъэлІэ А.М. [Гадагатль 1967: 161–163], Хъут Щ.Хь. [Хут 2003], Шортэн А.Т. [Шортанов 1974: 22], н. Къапщтэмэ, мы зи цІэ къитІуа еджагъэшхуэхэм я гупсысэхэрщ ди лэжьыгъэр щыдгъэзащІэм гъуазэ пэлъытэу къэдгъэсэбэпари.

Дызытепсэлъыхь мотивым ехьэлІауэ Іуэхугъуэ куэдыр зэпкърыха хъуа пэтми, иджыри зэ мыбы къыщІытедгъэзэжым нэхъыщхьэу щхьэусыгъуэ хуэхъуащ, ублапІэ лъэхъэнэм къыщегъэжьауэ мотивым адыгэ эпосым зэрызыщиужьар къыщапщыта лэжьыгъэ щхьэхуэ зэрыщымыІэр. Апхуэду зэрыщытым къыпкъырокІыж статьям щызыхуэдгъэувыжа мурадымрэ къалэнхэмрэ: дунейпсо ІуэрыІуатэм щызэлъыщІэса пкъыгъуэхэр адыгэ эпосым къызэрыщыгъэсэбэпар наІуэ къэщІыныр; нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ, тхыдэр зи лъабжьэ уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ мотив къэІуэтэкІэм зэщхьу щадэтлъагъумрэ зэщхьэщыкІыныгъэу ябгъэдэлъхэмрэ убзыхуныр; мотивым и пкъыгъуэ куэдыр миф гупсысэхэм къыщежьэу зэрыщытым къыхэкІыу, зэрыхъукІэ нэхъыбэм я къуэпсхэр гъэнэхуэныр, н. Къэдгъэлъэгъуа эпос лІэужьыгъуитІым хиубыдэ ІуэрыІуатэхэкІхэм нэмыщІ, псысэм къыхэтха щапхъэхэми защыхуэдгъэазэ щыІэщ, Іуэхугъуэ куэдхэмкІэ мы жанрхэр зэхъуажэу къызэрызэдэгъуэгурыкІуам къыхэкІыу.

ЩІэныгъэлІхэр зыхуэкІуа гупсысэхэм тепщІыхьмэ, адыгэ нарт эпосым и зыужьыныгъэм Іыхьэ щхьэхуэу къыхобелджылыкІ ублапІэ лъэхъэнэр – миф хъыбарыжьхэр. Апхуэдэхэщ Тхьэгъэлэдж, Амыщ, Лъэпщ сымэ теухуахэр. Дызэрыщыгъуазэщи, мыбыхэм дазыщрихьэлІэ пкъыгъуэхэм нэхъыбэр ІуэрыІуатэм къыхыхьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ пасэрей зэман жыжьэм псэуа цІыхум и къэухьым къитІасэ дуней еплъыкІэр, фІэщхъуныгъэхэр. Абыхэм я лъэужь хыдолъагъуэ мы лІыхъужьхэр дунейм зэрехыж щІыкІэр къэзыІуатэ мотивми. Гу зылъытапхъэращи, мы хъыбархэм лІыхъужьыгъэр къазэрыхэщыр мащІэ дыдэущ, е къахэщыххэркъым, атІэ цикл къэс абыхэм я ІуэхущІафэ нэхъыщхьэу къэІуэтар гъавэр, унагъуэ псэущхьэхэр, щІым зэрелэжь Іэмэпсымэхэр нартхэм къахуэхьынырщ. Абы щыгъуэми мыхэр бийм пэуву езауэурэ къытрахыркъым (къытрахыжыркъым), атІэ къахутэр, къагъэІэсэр. А псом къикІращи, Сосрыкъуэ, Батрэз, Ашэмэз сымэ хуэдэу, жагъуэгъу ягъуэтрэ абыхэм яІэщІэкІуэдэжу щыткъым, атІэ, нэхъыбэу дызэрырихьэлІэращи, я псэхэр хьэпшып, псэущхьэ гуэрым, н. пыщІащ. Псалъэм папщІэ, Албот Хьэжумар (1885 гъ.къ.) къиІуэтэжауэ щыта «Амыщрэ Тхьэгъэлэджрэ» [Нарты… 2024а: 67–68] хъыбарым къызэрыхэщымкІэ, мы лІыхъужьхэр зэкъуэшитІщ, Уэрсэр и къуэхэщ. Амыщыр къыщІэкІ имыІэу мэзым щІэтт, мэз псэущхьэхэр къиубыдурэ цІыхум къаритырт, апхуэдэ щІыкІэкІи шы, вы, мэл, бжэн, жэм сытхэр нартхэм яІэ хъуащ. Тхьэгъэлэдж гъавэ лъыхъуэрт. Абы зыгуэрым уэсят къыхуещІ, и кхъащхьэм кІэлъыплъыну къелъэІуу. А уэсятыр игъэзащІэу кхъащхьэм кІэлъыплъурэ, Тхьэгъэлэдж къихутащ кхъащхьэм ху щхьэмыж цІыкІуищ къыхэкІауэ. А ху щхьэмыж цІыкІуищым къытехъукІащ цІыхум яшх гъавэр. ТхьэкІумащІэ Мурат (1885 гъ.къ.) къыжиІэжа «Нартхэ я мэлыхъуэжь Амыщ и лІэжыкІар» [Нарты… 2024а: 73–74] хъыбарым тепщІыхьмэ, Амыщ сабийуэ къыщІидзэри и гъащІэ псор мэлыхъуэу ихьащ. Амыщ апхуэдизкІэ мэл куэд иІэу щытати, къуршым дихуа нэужь, къуршыр фІыцІагъэу фІэкІа умылъагъужу апхуэдэт. Амыщ и мэл бжыгъэр ищІэжу щытакъым. Зы махуэ гуэрым ахэр игъэхъуу бгыщхьэм иту и мэлым хэт ажэжьыр мывэм дэкІуеяуэ, ажэ жьакІэр жьым игъэсысауэ илъэгъуащ. Амыщ ар зэрилъагъуу, хъушэр къызэщІиугъуаери кърихужьэжащ, хэт хуэзэми къуажэм дэсу хъуам мэлу иІэр яхуигуэшащ. Къэхъуар къагурымыІуэу лІыжьхэр щыщІэупщІэм, къажриІащ и ажэжьым и жьакІэр жьым зэригъэсысар, ар и лІэгъуэр къызэрысам и нэщэнэу зэрыщытыр. Амыщ и псэмрэ ажэжьым и жьакІэмрэ пыщІэныгъэ зэхуаІэу къызэрыІуэтамкІэ, эпосым къигъэлъагъуэу къэплъытэ хъунущ, мы лІыхъужьыр къыщІигъэщІар Іэщ

цIыкIур къигъэIэсэу цIыхум яхуигъэбэгъуэну арауэ зэрыщытыр. Ар къехъулIа нэужьи дунейм йохыжыр.

Зэрынэрылъагъущи, хъыбарым IупщI дыдэу къыхэмыщми, и псэр ажэжьым (ажэ жьакIэр жьым зэригъэсысам) зэрыпыщIар езы Амыщ и псалъэхэм къаIуатэр: «Сэ си гъащIэр сыухащ. Си мэлыхъуэныр сыухын хуейти, аращ си ажэжьым и жьакIэр жьым щIигъэсысар, – жиIэри Амыщ лIэжащ» [Нарты… 2024а: 73].

Дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэм нарт эпосым и щIэдзапIэ лъэхъэнэм зэрызыщиужьам и щыхьэту къэпхь хъунущ «Лъэпшъы идышъэ кIыун» [Нарты… 2024а: 114–116] хъыбарри. И пхъурылъху Хъотхъошъдэмыр гъукIэным хуигъэсэнэу Лъэпщ и деж ешэр. Лэжьыгъэм иригъэша Лъэпщ щхьэукъуауэ щылъу, щIалэ цIыкIум елъагъу абы и пэм бадзэ гуэр къызэрипщар. Бадзэр Лъэпщ и Iэпкълъэпкъым ирикIуэурэ лъэгум йох, кIыщыр къызэхекIухь, фIэмыщI зэтелъым къуохьэри абдежым щобзэх, Лъэпщи хуиту бауэу мэжей. Зэман докIри, зрикIуа гъуэгу дыдэм тету бадзэм къегъэзэж, кIыщыпсыр зэрытым телъ гъущIым кърикIуэжын хуейти, бадзэмрэ Лъэпщ и жеикIэмрэ зэпыщIэныгъэ гуэр я зэхуаку зэрыдэлъым гу лъызыта Хъотхъошъдэмыр ар еIэт. Бадзэр кIыщыпсым имыкIыжыфу гугъу ехьу щыщIидзэкIэ, Лъэпщи жейм емызэгъыу хуожьэ. ЩIалэ цIыкIум гъущIыр егъэтIылъыжри, бадзэр псым зэпрокIыжри, Лъэпщ и пэм йопщхьэж, мыдрейри пщIэнтIауэ къызэщоу. Бадзэм икIуа гъуэгуанэри, здэщыIа щIыпIэхэри Лъэпщ пщIыхьэпIэу илъэгъуауэ къыщохъу. КъызэрыщIэкIамкIэ, абы и псэр бадзэу къыхэкIри дыщэ зыщIэлъ щIыунэм щыIауэ арти, Лъэпщ дунейм ехыжа нэужь, и пхъурылъхур макIуэри дыщэр къыщIех.

Зэрынэрылъагъущи, хъыбарым къыхощ лъэпкъ куэдым я IуэрыIуатэм дызыщрихьэлIэ мотив цIэрыIуэр – гъудэ-бадзэ гуэрым и теплъэм иту зэманкIэ псэр цIыхум къыхэкIыу къэзыIуатэр. Пэжщ, бадзэм елъытауэ щыIа пасэрей фIэщхъуныгъэхэм зы теплъэ яIэрэ дэнэ щIыпIи щызэтехуэу щытауэ пхужыIэнукъым. Ахэр куэд мэхъу, зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэуи зэщхьэщыкIыжащ, апхуэдэу зэрыщытри къыщыпщыта лэжьыгъэ купщIафIи дунейм къытехьахэщ (еплъ пс.п.: «Мифы народов мира» [Мифы народов… 1992: 188]). А псом я гугъу дымыщIми, дызытепсэлъыхь мотивыр IуэрыIуатэм щхьэусыгъуэншэу къызэрыхэмыхьар кърыдгъэлъэгъуэну зы щапхъэ къэтхьынщ. Е.Е. Левкиевскэм зэритхымкIэ, къуэкIыпIэ славянхэм зэгуэр яхэлъауэ щытащ мыпхуэдэ фIэщхъуныгъэ: цIыхум и псэр щыхэкIкIэ, бадзэ (языныкъуэхэм деж бадзэ хужь) сурэтым иувэрэ и жьэмкIэ къыжьэдэкIыу, дунейм ехыжар щIалъхьа нэужьи а бадзэ теплъэр иIэу и псэр и благъэхэм къахуэкIуэу я гугъэт. Абы къыхэкIкIэ, псэм и къарэгъул папщIэу фызыжь зыбжанэ зэхуэсырти фоупс зэрыт шынакъ Iэнэм трагъэувэрт, лIам и псэм бадзэу къигъэзэжу абы щыщ зыIуигъэхуэну щыгугъхэу. Хьэдэм щхьэщытIысхьа бадзэри букIыу ядэртэкъым. Зэрагугъэу щытамкIэ, цIыхур дунейм ехыжа нэужь, ар иджыри махуэ пщыкIуткIэ унэм гъэпщкIуауэ щыпсэурт. ЩIымахуэр унэм щизых бадзэр лIам и псэу ягугъэти и гугъу ящIыртэкъым. Язынықъуэхэм деж ар псэууэ дунейм тетым и псэу я фIэщ хъурти, унагъуэм ис цIыхухэм я бжыгъэм хуэдиз бадзи унэм щIэсын хуейуэ къалъытэрт [Левкиевская 2000: 163].

Аращи, зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, Лъэпщ и псэр бадзэу къыхэкIыу дыщэ зыщIэлъ щIыунэм зэрыкIуар къэзыIуатэ мотивым мыпхуэдэ фIэщхъуныгъэу зэгуэр цIыхум яхэлъар лъабжьэ хуэхъуауэ жыпIэ хъунущ. Гу зылъытапхъэращи, зи гугъу тщIы хъыбарым деж Лъэпщ дунейм ехыжыпэркъым, атIэ и псэр бадзэ сурэтым иту зэман гуэрым къриубыдэу къыхэкIыурэ хыхьэжу арщ. Мыпхуэдэ щытыкIэр (зэманкIэ дунейм ехыжу къытехьэжыныр) нарт эпосми, тхыдэ эпосми, псысэми зыщаужьащ. Нарт эпосым деж Батрэзи, Бэдынокъуи, Щауеи, н. къызэралъхуу пхъуантэм далъхьэри псым хадзэ, къэхъухэмэ нартхэм я кIуэдыр абыхэм къикIынкIэ хъуну щошынэхэри. Ауэ ахэр хэкIуадэркъым, атIэ лIы хъуауэ, хахуагъэ, къару ягъуэтауэ къагъэзэж. Мотивым Андемыркъан и циклми дыщыхуозэ. Псысэхэм лIыхъужьхэм, псалъэм папщIэ, я щхьэцым я псэр хэлъщи, ар къыхачмэ – дунейм

йохыжхэр, хагъэувэжмэ – къохъужхэр. Жанр псоми зыщаубгъуащ, псалъэм папщIэ, сабийр яхьрэ гъуэгущхьибл щызэхэкIым щыхыфIадзэу, ауэ ахэри къагъуэтри япI. Аращи, зы лъэныкъуэкIэ лIыхъужьыр ягъэкIуэдыну хуейщ, ауэ е ямыукIыу езыр-езыру и псэр хэкIыну щыгугъхэ хуэдэу, псэууэ къагъанэхэр. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, мыри пасэм цIыхум яхэлъа хабзэжьхэм и зы лъэужьу IуэрыIуатэм къыхэнащ. Ар гъэунэхуныгъэрщ – щIалэщIэр балигъыпIэ, лIыпIэ иуварэ имыуварэ къызэращIэу щытарщ: Iуэхугъуэ гугъу, лъэпощхьэпо гуэрхэр къыпагъэтIылъырти, абы пхыкIыфыр, ахэр зыгъэзэщIэфыр балигъ хъуат. Апхуэдэ хабзэхэр хуэунэтIат ягъэунэхум «и псэр хэкIыу» «къыхыхьэжын» хуэдэу щытыну, н.ж., щIалэщIэр адрей дунейм макIуэри, лIы хъуауэ къегъэзэж – арат купщIэ нэхъыщхьэр [Фрэзер 1984: 646]. В.Я. Пропп зэритхымкIэ, ар лъабжьэ хуэхъуащ, лIыхъужьыр яукIыну хуей хуэдэу хыфIадзэу, ауэ къелу къызэрыгъэлъэгъуам [Пропп 1976: 273]. Ауэ, къэтпщыта текстхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, мыпхуэдэм нарт эпосым и ублапIэ лъэхъэнэм дыщыхуэзэркъым, атIэ нэхъыбэу зыхэтлъагъуэр лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа циклхэрщ.

Езы Лъэпщ теухуауэ жыпIэмэ, мыр зэрылIар къэзыIуатэ сюжет гъэщIэгъуэни эпосым хэтщ. НартитI Лъэпщ деж макIуэ, джатэ зырыз ирагъэщIыну. Нэхъыжьыр хуейщ джатэ, зэуар зэгуихыу, нэхъыщIэр – зэпыджар пхихыу. Лъэпщ тIури зыхуеям хуэдэ яхуещIри еутIыпщыж. НартитIыр къэкIуэжу псым къыщикIыжым, нахъыжьым и джатэр псым хохуэ, мыдрейр псым хоуэри джатэпэм пылъу ар къыхехыж. Ар зылъэгъуа нарт нэхъыжьыр Лъэпщ хуогубжь, къигъэпцIауэ къыщохъури – мыдрейм и джатэр езым ейм зэрыпхыкIар и псэм техуэркъым. Мо лIы губжьар джатэмкIэ мауэри Лъэпщ и куитIыр пех, и ажалри абы къыхокI [Нарты… 2024а: 141–142].

Пасэрей фIэщхъуныгъэхэр лъабжьэ хуэхъуауэ жыпIэ хъунущ Сэтэней и дуней ехыжыкIэр къэзыIуатэ мотивми. Къуэдзокъуэ ТIалиб (1878 гъ.къ.) къиIуэтэжа «Сэтэней зэрылIар» [Нарты… 2024а: 168–170] хъыбарым къызэрыхэщымкIэ, Сэтэней пщIыхьэпIэу елъагъу, Сосрыкъуэ зауэм зы мыгъуагъэ гуэр къызэрыщеуэлIар. И лъыхъуакIуэ йожьэри и псэр хэмытыжу губгъуэм илъу и мылъхукъуэр къегъуэтыж. ИгъэпскIыу щIилъхьэн мурад иIэу псы лъыхъуа щхьэкIэ, имыгъуэту уэсэпскIэ игъэпскIыу щIедзэ, арщхьэкIэ, дыгъэм егъэгъущри, уэсэпсри хуримыкъуж мэхъу – и нэкIур мытхьэщIауэ къонэ. Хъыбарым адэкIэ къызэрыхэщымкIэ, «– Сымыгъуэжьт, сытыр си Iэмал, – жиIэри и къуэм тегъуалъхьэри тепыхьэу щIидзащ, и нэпсхэмкIэ Сосрыкъуэ и напэр итхьэщIу. И нэхэр щыщIитхьэщIыкIым, Сосрыкъуэ и нитIыр къызэтрихащ. Сэтэней гуфIэу и Iупэм ба щыхуищIым, Сосрыкъуэ и жьэр къызэтрихри къэбэуащ, абы хэту Сэтэней и псэр и къуэм хыхьэри езыр хьэдэу къытеукIуриикIыжащ» [Нарты… 2024а: 169].

Къэтхьа щапхъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, нарт эпосым и ублапIэ лъэхъэнэм къыхэнащ зэман жыжьэхэм псэмрэ IэпкълъэпкъымрэIэхуаIэ щытыкIэм теухуауэ пасэрей цIыхум бгъэдэлъа фIэщхъуныгъэхэм (тотемизм, анимизм, реинкарнация, метемпсихоз, н.) я лъэужь. Абыхэм тепщIыхьмэ, псэр езыр-езыру дунейм тетыфынут, псэущхьэ, хьэпшып гуэрым щыхъумауэ щытыфынут, абыхэм я сурэтым иту зекIуэфынут, зым и псэр адрейм хыхьэфынут, къыхэкIыу хыхьэжыфынут, н.къ. Уеблэмэ, Дж.Дж. Фрэзер и къэхутэныгъэхэм тепщIыхьмэ, а зэман жыжьэхэм псэуахэм ягугъэт, и Iэпкъ-лъэпкъыр зэрызэрымыубыдам къыхэкIыу, сабий къалъхуагъащIэм и псэр нэгъуэщI хьэпшып, къэкIыгъэ жылэ быдэ гуэрым «щагъэпщкIумэ», нэхъ хъума хъуну, абы тещIыхьа дауэдапщи иращIэкIырт [Фрэзер 1984: 623–634]. Псалъэм папщIэ, Антти Аарнерэ Стиф Томпсонрэ я сюжетгъэлъагъуэм (адэкIэ АТ) [Thompson 1961] 302 бжыгъэмкIэ къыщыгъэлъэгъуа сюжетым дызыщрихьэлIэ персонажхэм я псэхэр я IэпкълъэпкъымхэмылъуIэ, атIэ нэгъуэщIыпIэ щыгъэпщкIуауэ IуэрыIуатэм къызэрыщыкIуэри а фIэщхъуныгъэхэм къашауэ къалъытэр. Псом хуэмыдэу мы нэщэнэр ядыдолъагъу

бий къалэн зыгъэзащIэхэм – иныжьым, мэзылIым, Емынэжь, Лъэбыцэжьей, Пщы-Марыкъуэ, н.: абыхэм уапэлъэщынукъым, я псэхэр щыгъэпщкIуар къыумыгъуэтмэ. ГъэщIэгъуэнращи, гъащIэм и пэжым тегъэпсыхьа тхыдэр зи лъабжьэ эпосми бийм мыпхуэдэ нэщэнэ щыбгъэдэлъ щыIэщ. Апхуэдэщ ЕщIэнокъуэ Атэбий лъыкIэ и бий Дэгужьыр (Дэгужьей). Дызытепсэлъыхь жанрхэм мотивым апхуэдиз мыхьэнэ щIратми щхьэусыгъуэ иIэщ. Мыхэр псори лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIащ, а лIыхъужьыгъэр езыр Iэта хъун папщIи, бийр лъэщу, мэгъу зэфIэкI иIэу, шынагъуэу, пэлъэщыгъуейуэ щытын хуейщ. ИтIанэщ лIыхъужь нэхъыщхьэм и къарур, хахуагъэр, зэфIэкIыр IупщI щыхъур – бий мыхьэнэншэм текIуэным абы и пщIэр иIэтыркъым. Аращи, зэрынэрылъагъуущи, бийр зэрыхагъащIэ мотивым и мыхьэнэри цIыкIукъым.

Апхуэдэ дыдэуи, къазэрыщыхъуу щытамкIэ, цIыхум и Iэпкълъэпкъым щыщ гуэрым (щхьэцым, лъэгуажьэм, блэгъукIэм, н.) псэр, къарур хэлъынкIи хъурт. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, мы иужьрейр щхьэусыгъуэ хуэхъуащ лIыхъужьым лIапIэ, тIасхъапIэ и Iэпкълъэпкъым иIэу IуэрыIуатэм къыщIыхыхьам. В.Я. Пропп зэритхымкIэ, псалъэм папщIэ, щхьэцым псэр, къарур хэлъу зэгуэр ягугъэу щытащ, икIи арат щхьэц упсыныр ямыдэу щIыщытари [Пропп 1986: 41]. Апхуэдэ фIэщхъуныгъэхэм я кIапэ-лъапэу хуэбгъэфащэ хъунущ ди зэманми сабийм и япэ щхьэцыр (дзыгъуэ щхьэц) яупса нэужь, хыфIамыдзэу зэрызэрахьэр, балигъхэм ейри зыщIыпIэ къыщамыгъанэмэ нэхъыфIу, бзу сыт зыгуэрым ихьмэ, щхьэузрилэ хъуну къэзэзылъытэ зэрыщыIэр.

Дызытепсэлъыхь тIасхъапIэ зиIэ лIыхъужь образхэм дунейпсо IуэрыIуатэм зыщаужьащ, икIи нэхъыбэм деж а тIасхъапIэр ахэр щапсыхькIэ къахуэнэ хабзэщ. Ахилесс и анэ Фетида щIалэ цIыкIур Стикс псым щыхищIэкIэ, ар зэриIыгъа лъэдакъэхэр щабапIэу къонэри, адрей Iэпкълъэпкъ псор шэ пхымыкIыу мэхъур, аращ абы лIапIэу къыхуэнэри. Фафнира благъуэм и лъымкIэ Зигфрид щагъэпскIкIэ, тхьэмпэр зыкIэрыпщIа и блэгъукIэр тIасхъапIэу къыхуонэри, абы йокIуэдыкI.

Нарт Сосрыкъуи апхуэдэщ: «Мывэр Лъэпщ зэгуихри – дэпым хуэдэу Сосрыкъуэ къыдэхури Сэтэней и куэщIым къихуащ, данэ куэщIыр зэпхихри щIым техуащ. Лъэпщ IэдэкIэ Сосрыкъуэ и лъэгуажьитIыр иубыдри лъэпсылъэм хилъхьащ. Ар псым игъэунщIыIури, езыр жыр хъуащ, и лъэгуажьэпитIыр лыуэ къэнащ» [Нарты… 2024a: 188].

Зэрынэрылъагъуущи, Сосрыкъуэ тIасхъапIэу иIэр и лъэгуажьитIырщ. Ар нартхэм (иныжьхэм) къащIэу лIыхъужьыр зэраукIым теухуа сюжетыр къэIуэтэкIэкIэ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэтепщIыкIыжа пэтми, псори зыхуэкIуэжыр зыщ: Сосрыкъуэ и щэхур кърагъэщIэн папщIэ, ар зрикIуэну гъуэгум удыр трагъэтIысхьэ. Гъуэгум лIыхъужьыр хьэпшып телъыджэхэм щрохьэлIэ, тажыр къищтэу зыщхьэритIэгъа нэужь, ар удыр арауэ имыщIэу, и щэхур иIуатэу щIедзэ, ишми жрегъыIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Сосрыкъуэ и тIасхъэр щIэзыха удыр мэкIуэжри, зэхихар бийм яжреIэж, мыдрейхэми унафэ ящI, жаншэрхъымкIэ ар яукIыну. Жаншэрхъыр тIэунейрэ Iуащхьэм кърагъэжэх, Сосрыкъуэ дрехуеиж, ещанэу лъэгуажьэкIэ еуэу дрихуеижын хуей мэхъури, лъэгуажьитIыр пех, ишри псыхъуэрыжэ ящI, и лъэгухэр щIрагъэудри апхуэдэу нартыр яукI [Нарты… 2024a: 373–374, 375–377].

Батрэз и циклым щытетхыхькIэ, нэхъыбэу щIэныгъэлIхэм гулъытэ зыхуащIыр мы лIыхъужьыр дунейм зэрехыжар наIуэ къэщIынырщ. Ауэ мотивым щIыпIэшхуэ щеубыд и адэ Хъымыщ теухуа хъыбархэми, абы щыгъуэми зэмылIэужьыгъуэ куэду къэIуэтауэ. Къэтпщыта хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ тепщIыхьмэ, жыпIэ хъунущ Батрэз и циклым хуэдэу мотивым зыщызужьа нарт эпосым узэрыщримыхьэлIэр: сюжетхэм я бжыгъэр зэрынэхъыбэм имызакъуэ, къэIуэтэкIэкIи зэмылIэужьыгъуэхэщ, нэхъ ирикъууи, нэхъ нэгъэсауи къэIуэтэжахэщ, бзэ и лъэныкъуэкIи нэхъ къулейхэщ.

ЩэшIэ Бый (1874 гъ.къ.) и вариантым [Нарты… 2024b: 141–147] къызэ-рыхэщымкIэ, Хъымыщ лIыхъужь уардэу, пкъыфIэу зэрыщытым къыхэкIыу,

нарт бзылъхугъэхэр къыкІэлъызеплъэ хъуащ. Ар и щхьэусыгъуэу нартхэр абы бий къыхуэхъуащ, укІа зэрыхъунум и Іэмали лъыхъуэхэу щІадзащ. ПэувкІэ лІыгъэрэ къарукІэ пэлъэщынухэтэкъыми, бзаджагъэ хуекІуэну мурад ящІ, уд гуэр ягъакІуэу и лІапІэр кърагъэхутэну. Хъымыщым фІэфІт пхъэкІэн джэгуну, икІи, хабзэ зэрыхуэхъуати, джэгуурэ езэша нэужь, зытес пхъэм деж щыщхьэукъуэрт. Удым къажреІэ, абы ирихьэлІэу Хъымыщыр а пхъэм трапхэн, итІанэ зэрыхьзэрий макъышхуэ къаІэтын хуейуэ. А макъым къигъащтэу Хъымыщыр къыщылъэтыну хущІэкъунут, апхуэдэ дыдэуи ар зыпІыжа и атэлыкъ анэр гужьеяуэ унэм къыщІэжынут, я нэплъэгъуэхэр зэтехуэу зыр зым и нэгу щиплъэ дакъикъэм ирихьэлІэу еуэхэмэ, абы щыгъуэт Хъымыщ и Іэпкълъэпкъым шэр щыпхыкІынур. Удым и псалъэхэм тету нартхэм Хъымыщыр яукІ. Пщыдэтэкъо Мадин (1915 гъ къ.) хъыбарыр къызэриІуэтэжар нэгъуэщІущ. Мыбдежым Хъымыщыр лІыгъэрэ къарукІэ Марыкъуэм ефІэкІыу зэрыщытым къыхэкІыу, бий зэхуохъу. Марыкъуэрэ и гъусэхэмрэ щакІуэ здэщыІэм, иныжь мэзым къикІа кхъуэпІащэ абрагъуэр къахуэукІыркъым. Хъымыщым ар хузэфІокІ. Марыкъуэм тхьэ еІуэ апхуэдэ зэфІэкІ зиІэр дунейм тримыгъэтыну, гъэпцІагъэкІэ Хъымыщыр иныжь щІыналъэм ирешэ, щхьибл зыфІэт иныжьым иригъэукІын мурад иІэу. АрщхьэкІэ иныжьыр хигъащІэу щилъагъукІэ, Марыкъуэ гъэпщкІуауэ и щІыбагъ къыдохьэри Хъымыщыр къеукІ [Нарты… 2024b: 147–151]. (Хъыбархэм къазэрыхэщымкІэ, мыбы зыкъомкІэ поджэж Андемыркъанрэ Беслъэн-ПцІапцІэрэ жагъуэгъу щІызэхуэхъуам и щхьэусыгъуэри: кхъуэпІащэр кърахулІэ пэтми, Беслъэным шэр хутемыгъахуэу, ар зэрыс гум зэ уэгъуэкІэ Андемыркъаным кхъуэр кІэреІулІэ.) Тыу Бэрэкъай (1880 гъ.къ.) къыжиІэжа хъыбарым тепщІыхьмэ, нартхэу Чэчанрэ Хъымыщрэ зэшитІщ, Марыкъуэ и къуэхэщ. Я адэм щІалитІыр къызэхеху, арщхьэкІэ тэлай докІри, зыхишэжын мурадкІэ къакІэлъокІуэ. Хъымыщым игъэзэжын щимыдэкІэ, дзэшхуэ кърешалІэри Марыкъуэм абы зауэ кърещІылІэ, а зауэми Хъымыщыр хокІуадэ [Нарты… 2024b: 151–156]. Уэрдокъуэ Мырзэбэч (1884 гъ.къ.) и вариантым Марыкъуэм егъэбэлэрыгъри Хъымыщыр еукІ, тепщэныгъэр («мывэ шэнтыр») зыІэригъэхьэну [Нарты… 2024b: 156–158].

Езы Батрэз дунейм зэрехыжар къэзыІуатэ мотивым и гугъу пщІымэ, мыри лІэужьыгъуэ зыбжанэу эпосым щыхъумащ. Япэу зи гугъу тщІынур къэзыІуэтэжауэ щытари ищхьэкІэ зи цІэ къитІуа ЩэшІэ Быйщ [Нарты… 2024b: 263–265]. Къапщтэмэ, Хъымыщ теухуауэ абы къыжиІэжари мыри – тІури зыкъомкІэ зэтохуэр. Апхуэдэу щыт пэтми, гу лъумытэу къанэркъым жыІэжакІуэм зы сюжетыр лІыхъужь зырызым щыхуихькІэ, Іэзагъышхуэ хэлъу зэрызэщхьэщигъэкІым. Псалъэм папщІэ, гъэщІэгъуэнщ Батрэз теухуам мы лІыхъужьым и тІасхъэр и бийхэм къызэращІэ щІыкІэр: Хъымыщ ехьэлІам лІыхъужьым и тІасхъэр щІэзыхыр удмэ, мыбдежым ар зыІуатэр Батрэз зыпІа Жъокъоянэщ: удым и чэнджэщкІэ, Батрэз щымыІэжу Жъокъоянэ жраІэ, арщхьэкІэ зигу-зищхьэ зэтелъ, зи къаныр зыцІыхуж атэлыкъ фызыжьым зыми къыхимыхыу, иригушхуэу жеІэр, ар фІырыфІкІэ зэрахуэмыукІынур, езымрэ Батрэзрэ я нэ плъэгъуэхэр щызэтехуэм емыуэмэ, и псэр зэрамыгъэныфынур. Ар къащІэну арат щІалэм и жагъуэгъухэр зыхущІэкъури, я мурадыр къащехъулІэм, Батрэз езэшауэ пхъэ тетІысхьэпІэм щыщхьэукъуауэ зрырагъэхьэлІэри, абы трапхэ, Іэуэлъауэ, зэрыхьзэрий макъышхуэ къаІэт, абы къигъэщта лІыхъужьымрэ гужьеяуэ унэм къыщІэжа Жъокъоянэрэ я нэплъэгъуэ щызэхуэзэм ирихьэлІэу къытехуа шабзэшэм ар хегъащІэр. Мыбдежым гу зылъытапхъэращи, хьэрэмагъ лъэпкъ игу къэмыкІыу Батрэз и щэхур иІуэта пэтми, Жъокъоянэ и псалъэхэмкІэщ мы лІыхъужьым и тІасхъапІэр бийм къызэрищІэр. А щытыкІэм мыр пэгъунэгъу ещІ дунейпсо ІуэрыІуатэм щыцІэрыІуэ АТ 315 сюжетым дызыщрихьэлІэ бзылъхугъэ образым: фызыр (анэр, шыпхъур) бийм (иныжьым, благъуэм, н.) дехьэхри и щхьэгъусэм и лІапІэр абы хуеІуатэр (еплъ пс.п. «Звериное молоко» сюжетым [Сравнительный указатель… 1979: 115–116]. Ауэ, зэрынэрылъагъущи, образыр зэхъуэкІыныгъэхэр игъуэтауэ Батрэз и циклым къыщокІуэр.

Абы къыщхьэщыкIыу, Мыгу Нухь (1898 гъ.къ.) и вариантым [Нарты… 2024b: 254–256] АТ 315 сюжетыр зэрызекIуэ хабзэм тету къыщыгъэсэбэпащ. Абы къыдэкIуэу, къэIуэтэкIэкIэ мыр пэгъунэгъущ Самсон и дуней ехыжыкIэр къызыхэщым [Фрэзер 1985: 299–300]. Батрэз и адэм илъ ищIэжыну нартхэр имыгъэпсэу щыхъум, ар яукIыну мурад ящI. ЕзауэкIэ зэрытемыкIуэнур къыщащIэм, бзаджагъэм хуокIуэр. Нэхъ пкъыфIэу, нэхъ зэпIэзэрыту, жьакIуэу зы нарт къыхахри Батрэз и анэм деж ягъакIуэ, къыдрагъэхьэхыну. Хуэм-хуэмурэ зэпыщIаи мэхъухэр. Я зэхущытыкIэр Батрэз къищIэмэ имыгъэпсэунхэу лIы бзаджэм щыжиIэкIэ, анэм и фIэщ мэхъури, лIыхъужьыр зэрагъэкIуэдыну Iэмалхэм лъыхъуэу щIадзэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, и анэм и щхьэцыр зыхэухуэна кIапсэкIэ япхмэ, Батрэзым зэпичыфынутэкъыми, апхуэдэу ящIри яукI.

Къэрэгъул МытI (1866 гъ.къ.) къыжиIэжа хъыбарми [Нарты… 2024b: 256–263] лъабжьэ хуэхъуар дуней псом щызэлъыщIыса АТ 960А сюжетырщ. Батрэз Дамызэпщым и къуэ Къуайданыр еукI, и афэм ехъуэпсэщати, ар зыIэригъэхьэну. Къуайданыр тхьэ йолъэIу жьуджалэр хашэу и кIуэдыкIэ хъуар иIуэтэжыну. Зэман докIри, абы и шыпхъур Батрэзым и щхьэгъусэу зэдэпсэууэ екIуэкIыурэ, жьы къыкъуоури жьуджалэр унэм щIехьэр. Ар щилъагъукIэ, Батрэзыр къыходыхьэшхыкI, и щхьэгъусэр къыкIэрохъыжьэри щIэдыхьэшхар кърегъэIуатэ. И дэлъхур Батрэзым IэщIэкIуэдауэ къыщищIэкIэ, бзылъхугъэм, и лIым зыкъримыгъащIэу, цIыхухъу щыгъынкIэ зехуапэри IуащхьэпIалъэ кърет. Абдежми Батрэзыр щыхегъащIэри апхуэдэ щIыкIэкIэ и дэлъху Къуайданым илъ ещIэж.

Батрэз и циклым хуэдэу, Ашэмэз ехьэлIа хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ лIыхъужьыр зэрыхэкIуадэм теухуа сюжетым зыужьыныгъэшхуэ щагъуэтакъым. Апхуэдэу щыт пэтми, мыбыхэми дазыщрихьэлIэ хъыбар зыбжанэм я гугъу щIыпхъэщ. Батрэз ехьэлIа циклми хуэдэу, мы лIыхъужьым ейри и адэ Ашэ дунейм зэрехыжым тепсэлъыхь хъыбарымкIэ къыщIедзэ. Цыргъой Сэит (1868 гъ.къ.) къыжиIэжа вариантым [Нарты… 2024b: 279–280] ипкъ иткIэ жыпIэмэ, нарт Ящэрэ Лъэгуц-ЖакIэрэ ящIхэр зэпылът. Ящэ и щIым дэшхуей жыг абрагъуэ къыщыкIт, мэл миным нэблагъэ и лъабжьэм щIэхуэнуи, ар Лъэгуц-ЖакIэм абы ирифыгъулIэ хъуащ, къытрихынуи мурад ещI. Ар щхьэусыгъуэу я зэхуаку къаугъэ къыдохъуэ, зозауэхэри, Ящэр хокIуадэ, абы илъ зыщIэжыну кIуа и къуихри Лъэгуц-ЖакIэм къеукI.

Ашэмэз и адэм илъ зэрищIэжам теухуа хъыбар зыбжанэми щIэдзапIэу мотивыр щыхэувэ щыIэщ, ауэ апхуэдэхэм деж бийм езауэу Ашэр зэрыхэкIуадэр убгъуауэ къэIуэтакъым, икIи мыпхуэдэ Iыхьэм и къалэныр лIыхъужь нэхъыщхьэр адэншэу къызэрыдэкIуэтейм гулъытэ худигъэщIыну арщ. Дызэрыщыгъуазэщи, щIэныгъэлIхэр зыхуэкIуа гупсысэхэм тепщIыхьмэ, лIыхъужьыр адэншэу щытыныр нэхъ пасэу эпосым къыхыхьахэм ящыщ зыщ. Зэман жыжьэм щыIа хабзэжьхэр, фIэщхъуныгъэхэр мотивыр къэунэхуным щIэдзапIэ хуэхъуами, IуэрыIуатэм нэхъыбэу щигъэзащIэр лIыхъужь нэхъыщхьэр адрейхэм къащхьэщыгъэкIыныращ, къыхэгъэщхьэхукIыныращ. Нарт эпосми лIыхъужь псысэхэми я нэхъыбапIэм хэти ныбэм илъу я адэхэр хокIуадэ, хэти, псом хуэмыдэу, партеногенезым теухуауэ щыIа гупсысэжьхэм къатепщIыкIа мотивхэм, адэншэхэщ (къэкIыгъэ жылэ, пхъэщхьэмыщхьэ сыт хуэдэу хъыджэбзым ишхам, е псы ирифам, н. къыхэкIыу уэндэгъу мэхъури, сабийр дунейм къытохьэ). Ашэмэз теухуа IуэрыIуатэри, дауикI, апхуэдэщ. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ «Ашэрэ Лъэбыцэжьейрэ» [Нарты… 2024b: 402–408] хъыбарыр, Ашэ дунейм зэрехыжам нэгъуэщI къэIуэтэкIэ иIэу къызыхэщыр: «АшэкIэ зэджэм Лъэбыцэжьейр иукIыу и шыбзри къиухуну мурад ищIати, Лъэбыцэжьей игъэзагъэртэкъым. Лъэбыцэжьейрэ Ашэрэ зэIущIэхэри зэзэуащ. Лъэбыцэжьейр къытекIуэри Ашэр къиукIащ» [Нарты… 2024b: 402].

Езы Ашэмэз зэраукIа сюжетым и гугъу пщIымэ, мыр и лъабжьэу зы хъыбар 1960 гъэм ятхыжауэ щытащ, Тыу Бэрэкъай (1878 гъ.къ.) къиIуэтэжу [Нарты…

2024b: 430–432]. Абы къызэрыхэщымкIэ, Ашэмэзыр Батрэз иукIа Пщы-Марыкъуэ и къуэщ. БалигъыпIэ иувэу фыз къишэну мурад щищIым, нарт пщащэ гуэрым лъыхъуащ. Хъыджэбзым къыжреIэ, и адэр зукIахэр щIыналъэм къришэжыфмэ, къыдэкIуэну. Абыхэм я мурадт, Ашэмэзи ин хъумэ яукIынуи, КъуныудкIэ зэджэр (мы зы хъыбарыращ къызыхэщыр) абы хущIапIыкIат. Дауэ мыхъуами, хъыджбзым къыпигъэтIылъар зэригъэзэщIэным Ашэмэзыр хущIэкъурти, Къуныудым и мурадыр хуеIуатэ, зэран къыхуэмыхъуну, атIэ акъылыншафэ зытригъауэу мэзым щIыхьэжыну йолъэIу, мыдрейми ар егъэзащIэ. Къазэрыщхьэщымыжам папщIэ зыпIахэр къыхуэмыарэзыуэ Къуныудым къыщищIэм, ар Ашэмэз поув, иукIыну, абы иришэжьа жылэри ипIэ иригъэтIысхьэжын мурад иIэу. Зозауэхэри, Ашэмэзыр хокIуадэ.

Дызытепсэлъыхь мотивыр Бэдынокъуэ и циклым къызэрыщыкIуэми щхьэхуэныгъэ хэлъщ. Батрэз, Ашэмэз сымэ ныбэм илъу я адэхэр хэкIуадэмэ, мыбдежым абы ипIэкIэ нэхъыбэу зыщызужьар мы лIыхъужьым и адэр укIыпIэм къызэрыришыжам теухуа сюжетырщ. Дызэрыщыгъуазэщи, мыр лIэужьыгъуитIу циклым къыхыхьащ. Япэр Бэдын нартхэм я тхьэмадэу жьы зэрыхъуам къыхэкIыу яукIыжыну и къуэм къызэрыригъэлыр къызыщыIуэтарщ, етIуанэр жьы хъуар бгым едзыхыжыныр зэрыщагъэтам теухуарщ. Ауэ езы Бэдынокъуэ дунейм зэрехыжар къыхэщу къэIуэтэкIэкIэ зэтемыхуэу сюжет зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ щыIэхэщ. Апхуэдэу щытми, зы хъыбар щхьэхуи циклым хэткъым, хэхауэ мы Iуэхугъуэм тепсэлъыхьу: нэхъыбэм дызэрырихьэлIэр е нэгъуэщI сюжетхэм хэухуэнауэщ, е адрей нарт лIыхъужьхэм языхэзым ехьэлIам мыр хэгъэувауэщ, абы щыгъуэми мыбы и кIуэдыжыныр сытым дежи зыгуэркIэ Сосрыкъуэ епхауэ щытщ.

Сэмэн Едыдж (1873 гъ.къ.) и хъыбарыр, «Пщы Бадинокъуэ и кIуэдыжыкIар» [Нарты… 2025a: 395–398] фIэщыгъэцIэр иIэ щхьэкIэ, нэхъыбэу зытеухуар нарт тхьэмадэ Джылахъстэн и пхъум деж Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ сымэ псэлъыхъу зэрыкIуарщ, икIи абы мотивыр Iыхьэ щхьэхуэу (зы пчыгъуэу) хэувэу аркъудейщ. Хъыбарым и вариант псоми къызэрыхэщымкIэ, Джылахъстэн псалъэ быдэ ет, Бэдынокъуэ и бжыр къыхэзычыфым и пхъур иритыну. Сосрыкъуэ хьилагъэ хелъхьэри къыхеч, ар Джылахъстэн къещIэри щIогъуэж, и унагъуэр зыщIегъури бгъуэнщIагъ быдапIэ гуэрым зыщегъэпщкIу. Сосрыкъуэ Бэдынокъуэ гъусэ ещIри быдапIэм IуотIысхьэ, дэкIи дыхьи зрамыгъакIуэу. Джылахъстэн гъэпщкIуауэ Лъэпщ деж макIуэри, «зыхуэпшийм техуэу, зытехуар мыхъужыну сагъындакъышитI схуэщI!» – жери йолъэIу. ХуищIауэ къыщихьыжым, Сосрыкъуэ къегъащтэри, зы шэр IэпщIохури, мэкъутэ. Къэна закъуэмкIэ Джылахъстэн Сосрыкъуэ гъэпцIагъэкIэ лъэгум дигъэува Бэдынокъуэ йоуэри ар хегъащIэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ мэгъу нэщэнэ зыбгъэдэлъ шабзэшэмкIэ Бэдынокъуэр яукIыр.

АкIэгъу Алый 1876 (гъ.къ.) и вариантым [Нарты… 2025a: 404–408] хъыбар зыбжанэм я пкъыгъуэхэр щызэхэухуэнащ, лIыхъужьхэм ягъэзащIэ къалэнхэри хъуэжа хъуащ. Бэдынокъуэ балигъыпIэ иувауэ иджыри и атэлыкъхэм деж щыIэу хъыбарым къыщIедзэ. Къэзылъхуахэр нартхэр арауэ къыщищIэкIэ, и лъэпкъэгъухэм яхыхьэжын мурад ещIри зыпIыжа и анэм шырэ Iэщэ-фащэрэкIэ йолъэIу. Апхуэдэм деж IуэрыIуатэм зэрихабзэщи, анэми лIыхъужьыр егъэунэху, а гъэунэхуныгъэхэм пхокIри зыщIэлъэIуахэр къыIэрохьэ. АдэкIэ хъыбарым къыхоувэ Бэдынокъуэ нартхэм я ефэ-ешхэм зэрахыхьэр. Мыбдежым къызэрыхэщымкIэ, нартхэм я тхьэмадэр Сосрыкъуэщ, абы и гуапэ хъуркъым нарт хъыжьэр зэрахыхьар. Унафэ ещI, блащхъуэжьей хэсу фадэбжьэ ирату Бэдынокъуэр ирагъэукIыну, арщхьэкIэ мыдрейми щIопщыкъукIэ блэр къыхедзри бжьэр ireф (мотивым нэхъыбэу дыщрихьэлIэр и адэр укIыпIэм къызэрыришыжарщ). Щымыхъум, Сосрыкъуэ абы кIуэдыпIэ къыхуилъыхъуэу щIедзэ. Iэхъуэ пщыIэ гуэрым пэмыжыжьэу абы лIа нэпцI зыщещIри гъуэгум тогъуалъхьэ. Бэдынокъуэ хуэзэу лIарэ псэурэ зэхигъэкIыну абы щыщхьэщыхьэм, модрейри зыхуейр арати, джатэмкIэ къоуэри Бэдынокъуэ и щхьэр зэгуеупщIыкI. Нартхэм Лъэпщ деж псынщIэу яхьри уIэгъэм

гъуаплъэ трагъэгъабзэ. Сосрыкъуэ дунейм и щытыкIэм зригъэхъуэжыфырти, зэм уае ирищIэкIым Бэдынокъуэ и щхьэкуцIыр игъэдийм, зэм дунейр пщтыр ищIым къигъэкъуалъэурэ, Бэдынокъуэр апхуэдэ щIыкIэкIэ еукIыр. ЗэрытщIэщи, мы Iыхьэм дызыщрихьэлIэ хабзэр Сэмэн Едыдж къиIуэтэжауэ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа хъыбарым хуэдэхэрщ – Джылахъстэн и пхъум деж лъыхъу зэрыкIуауэ щытам тепсэлъыхьхэрщ. Абыхэм къазэрыщхьэщыкIращи, Джылахъстэн бгъэдэлъ хабзэ къалэнхэр Бэдынокъуэ хуэхьауэ арщ, а щIытыкIэмкIи мы лIыхъужьым и кIуэдыжыкIар къэIуэтауэ арщ.

Бэдынокъуэ дунейм зэрехыжым нэгъуэщI къэIуэтэкIи иIэщ, ауэ ари Бэдынокъуэ и циклым щIэщыгъуэу къигъэщIауэ пхужыIэнукъым, атIэ Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ зэрызэзэуам теухуа сюжетыр мыбдежым къыщыгъэсэбэпауэ арщ. Апхуэдэщ ОсылI Пщымаф (1887 гъ.къ.) къыжиIэжар [Нарты… 2025a: 398–399]: нарт пщащэр зэрихьам къыхэкIыу, Сосрыкъуэ Бэдынокъуэ бий хуохъури IуащхьэпIалъэ ирет; Бэдынокъуэ Iуащхьэм кIуауэ здытетым, Сосрыкъуэ толъадэ, къуаргъхэр зэрызехьэу и щхьэщыгу иту, хьищэ зэщIэкъугъэу бгъурыту, и шым кIэрыщIа уэзджынэхэр зэщIэзуууэ. Тотрэш и хъыбарым хуэдэу, Бэдынокъуэ и шыр а псом къагъащтэ, зричу щIэпхъуэжыну щыхуежьэкIэ, Бэдынокъуэ и куэпкъитIымкIэ екъузри шым и дзажэхэр хекъутыхь, шхуэмлакIэр къыжьэдекъуэри шыжьэр щIех, езыри уанэгум къоху. Сосрыкъуэ зыхуейр арати, щхьэщохьэри Бэдынокъуэ и щхьэр фIех.

Щауей теухуа циклым и гугъу пщIымэ, мыбы ущрихьэлIэркъым дызытепсэлъыхь мотивым хуэдэ зыгуэри, апхуэдэу зэрыщытми щхьэусыгъуэ хэха иIэщ. Ар мы лъыхъужьым теухуа хъыбархэм, абыхэм хъыбаркIэ деджэми, лIыхъужь псысэм и нэщэнэхэр зэрызыщIашарщ. Дызэрыщыгъуазэщи, нарт эпосым нэхъыбапIэм лIыхъужь нэхъыщхьэр дунейм ехыжмэ, псысэхэр сыт щыгъуи зэриухыр фIыр Iейм текIуауэщ. Зи гугъу тщIы псысэ лIэужьыгъуэм деж ар къэIуэтащ лIыхъужь нэхъыщхьэр къыпэщылъ лъэпощхьэпо псоми пхыкIыфрэ жылэ псом я нэхъ дахэ, нэхъ гъэса, нэхъ Iущ дыдэ хъыжэбзыр щхьэгъусэ хуэхъурэ, мылъкушхуи игъуэтауэ, язынықъуэхэм пащтыхьыгъуэри къылъысауэ, насыпыфIэ хъуауэ зэриухымкIэ. Нартхэм я дунейр къыщыгъэлъэгъуарэ хъыбархэр зы циклым къызэщIикъуэу зэрыщытыр къыумылъытэмэ, и нэщэнэхэмкIэ мы лIыхъужьым ехьэлIа IуэрыIуатэр лIыхъужь псысэм хэбгъэхьэкIи ущыуэнукъым. Аращи, псысэм мы хъыбархэр езышалIэ адрей щытыкIэхэм къадэкIуэу, Щауей хэкIуадэкъым, атIэ дэтхэнэ зы сюжетри и мурадхэр къехъулIауэ еухыр.

НаIуэу зэрыщытщи, иджыри къэс дэ дызытепсэлъыхьар нарт эпосым и ублапIэ лъэхъэнэмрэ абы и купщIэр къэзыгъэщI цикл нэхъыщхьэхэмрэ лIыхъужьыр дунейм зэрехыжыр къазэрыхэщ щIыкIэр убзыхунырщ. Ауэ, къэтпщыта IуэрыIуатэхэкIхэм къызэрагъэлъагъуэщи, мы эпос лIэужьыгъуэм и ужьыхыжыгъуэ лъэхъэнэми мотивым зыщиужьащ, ар къызэрыIуэта щIыкIэм ириплъэнми мыхьэнэ иIэу жыпIэ хъунущ. Псалъэм папщIэ, куэдрэ ущрихьэлIэ щыIэщ нэхъ пасэу эпосым къыхыхьа мотив е сюжет гуэр мыбдежым къыщыгъэсэбэпауэ. Мыбы и щапхъэу къэпхь хъунущ Ермэл Тарас (1891 гъ.къ.) къыжиIэжу ятхыжа «Жэмадыу икIодыкI» хъыбарыр [Нарты… 2025b: 274–277]. Хъыбарым и лъабжьэщ жьы хъуар укIыжын хуейуэ нартхэм яхэлъауэ щыта хабзэмрэ ар зэрыщагъэтамрэ къэзыIуатэ мотивыр. Мотивыр дуней псом щызэлъыщIысахэм ящыщ зыуэ жыпIэ хъунущ, икIи абы и щыхьэтщ дунейпсо сюжетгъэлъагъуэхэм мыр щхьэхуэу къыщыхэгъэкIауэ зэрыщытыр. Псалъэм папщIэ, Аарнерэ Томпсонрэ я сюжетгъэлъагъуэм мыр 981 бжыгъэмкIэ къыщыгъэлъэгъуащ, дэтхэнэ зы лъэпкъми и IуэрыIуатэм щызекIуэ мотивхэр IупщI къыщыщIауэ Ю.Е. Березкинрэ Е.Н. Дувакинрэ зэхалъхьами мыр M116 индексымкIэ щыгъэбелджылащ [Березкин, Дувакин…]. Дызэрыщыгъуазэщи, мотивым адыгэ IуэрыIуатэми, псом хуэмыдэжу нарт эпосым, псысэхэм, зыужьыныгъэшхуэ щагъуэтащ. Нарт эпосым деж мыр нэхъыбэу зыхэтлъагъуэр Бэдынокъуэ теухуа циклырщ, ауэ Сосрыкъуэ ехьэлIами

къыщыхэщ щыIэщ. Циклхэр щызэтеува лъэхъэнэм тепщIыхьмэ, дауикI, Жэмадыу ейр нэхъыщIэщ, абы къегъэлъагъуэр нэхъ пасэу зэпэщ хъуауэ хьэзыру щыт мотивыр мы лIыхъужьым епха IуэрыIуатэм къызэрыщыгъэсэбэпар. Апхуэдэу щытми, мыбдежым абы зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр щигъуэтащ. Бэдынокъуэ сымэ ятеухуа хъыбарым, псысэхэм жьы хъуар бгым щамыдзыжу, атIэ, абы и чэнджэщкIэ лъэпкъыр мыкIуэдыжу къызэрызэтенар къащыгурыIуэкIэ, а хабзэ мыхъумыщIэр зыханри, нэхъыжьым пщIэ хуащIу ягъэпсэур. Мыбдежым аракъым – Жэмадыур бгым щадзри яукI, ар щхьэусыгъуэ хуохъу хъыбарым адэкIи къызэрыпищэм: Сосрыкъуэ нарт лIыжьым илъ ещIэж.

Хъыбарым и сюжетыр и лъабжьэу пшыналъэ теплъэ иIэу Бгъуашэ Исхьакъ (1890 гъ.къ.) нэгъуэщI зы варианти къиIуэтэжауэ щытащ [Нарты… 2025b: 277–284]. Япэм Жэмадыу зэраукIамрэ абы илъ Сосрыкъуэ зэрищIэжамрэ зы хъыбару зэхыхьамэ, мыбдежым нэгъуэщI зы сюжети абыхэм къепхыжащ. Ар нартхэм я тхьэмадэ Уэзырмэс ирамыгъэукIыжу къызэрырагъэлырщ. ЗэрытщIэщи, жьы хъуар укIыжынри нарт тхьэмадэр укIыжынри сюжет щхьэхуэхэу нэхъ пасэу къэунэхуа циклхэм дащрохьэлIэ, ауэ мыбдежым тIури къыщокIуэр, Iэзагъышхуэ хэлъуи зэгъэкIуащ: Жъэмадыу жьы хъуати, нарт хабзэм тету яукIыж; Сосрыкъуэ абы и лъыщIэжакIуэ йожьэри нартхэм яхохьэ; псори зэтриукIэу щIедзэри Орзэмэдж деж щынэскIэ, ар щхьэгъубжэмкIэ къыдегъэувыкI, мыдрейри псынщIэу унэм къокIуэж; Сосрыкъуэ и къуэу зэрыщытыр Орзэмэдж къещIэ. Мыпхуэдэ сюжет зэкIэлъыкIуэкIэр нарт эпосым дежкIэ щIэщыгъуэу, ар Жъэмадыу и циклым къыщыунэхуауэ жыпIэми ущыуэнукъым.

Нарт Уэзырмэджыкъуэ Ерыщыкъуэ (Орзэмэджыкъо Ерыщэкъо) дунейм зэрехыжар къэзыIуатэ хъыбарри пасэрей мотивхэу зэхэлъщ. Апхуэдэхэщ лIыхъужьыгъэ пыщIауэ нысащIэ къэхьынымрэ лIыхъужьыр мывэу жынымрэ. Ерыщыкъуэ нарт зэшиблым я шыпхъу Акуандэ-дахэр къерехьэжьэ, арщхьэкIэ Акуандэрэ Гъэрыщэкъурэ зэтраIуауэ къыщIокI; Ерыщыкъуэ хъыджэбзыр къиху къыщыкIуэжкIэ, абы и псэлъыхъум хуозэ, зэзауэр яублэри махуищкIэ зозауэ; Сэтэней ар щилъагъукIэ, тхьэ йолъэIури, Ерыщыкъуи, Гъэрыщэкъуи, Iакондэ-дахэри мывэу мэжхэр.

Пасэрей мотивхэмкIэ, сюжетхэмкIэ эпосым и ужьыхыжыгъуэ лъэхъэнэр зэрыкъулейр нэгъуэщI щапхъэ куэдхэмкIи къыпхуэгъэлъэгъуэнущ, ахэр куэд мэхъу, ауэ а псоми я гугъу дымыщIми, дызытепсэлъыхьахэм наIуэ къащI, абы къызэщIиубыдэ цикл цIыкIухэм ахэр Iэзагъышхуэ хэлъу къызэрыщыгъэсэбэпар. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, тхыдэр зи лъабжьэ эпосым ижь мыбыхэм къазэрыщIихуами гу лъумытэу къанэркъым.

ЛIыхъужь псысэм, тхыдэ хъыбарыжьхэм я нэщэнэхэр ебэкIми, нарт эпосым иIэ хабзэ зекIуэкIэр нэхъыбэу зыхъумахэм ящыщ зыуэ жыпIэ хъунущ Пагуэ и къуэ Тэтэрщауэ ехьэлIа хъыбархэр. Мыхэри лIыхъужьыр дунейм къызэрытехьар, и сабиигъуэр, и дуней тетыкIар, игъэхъа лIыхъужьыгъэхэр, зэрыкIуэдыжар къэзыIуатэ сюжетхэу зы циклым къызэщIеубыдэр.

Тэтэрщауэ зэрыкIуэдыжам теухуауэ 1956 гъ. проф. Ж. Дюмезиль хамэ къэрал зы пшыналъэ щитхыжауэ щытащ, сурэт трихри Адыгей щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым къигъэхьауэ щытащ [Нарты… 2025b: 217–220]. Пшыналъэ жытIэ щхьэкIэ, нарт эпосым къыкIэлъыкIуа эпос лIэужьыгъуэм и теплъэхэр мыбы белджылыуэ кIэрыболъагъуэр, абы къыдэкIуэу, зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкIэ, зэгуэр зы пшыналъэ узэщIам и зы Iыхьэу мыр къэнауи хуэбгъэфащи хъунущ. Дауэ щымытами, лIыхъужьым и дуней ехыжыкIар мыбдежым щыхъумащ: IуащхьэпIалъэ къыщратым, Тэтэрщауэр йокIуалIэ; Iуащхьэм тесурэ елъагъу, биидзэр къызэрыкIуэр; мо лIы хъыжьэр биидзэм яхохьэри зыпэщIэхуэр ирелIых, арщхьэкIэ шабзэшэр къытракIутэу щIадзэри лIыхъужьыр хагъащIэ.

Мыбдежым дигу къэдгъэкIыжынщ Тэтэрщауэ и «шы нэхъыжьхэу» Сосрыкъуэ, Батрэз, Бэдынокъуэ сымэ дунейм зэрехыжа щIыкIэр. ЗэрыжытIащи,

ахэр къэзыIуатэ мотивхэм пасэрей гупсысэкIэхэм я лъэужь къыхэнащ – я псэхэр, я лIапIэр, я къарур я Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэ гуэрым хэлъщ, е мэгъу нэщэнэ гуэр зыбгъэдэлъ Iэщэ гуэрщ зэрыпхуэукIхэр (псалъэм папщIэ, мы иужьрейм хуэдэщ Бэдынокъуэ зэраукIа шабзэшэр). Абыхэм къащхьэщыкIыу, Тэтэрщауэ зэрыхэкIуадэр гъащIэм и пэжым нэхъ пэгъунэгъущ: езым телъыджагъэ гуэр бгъэдэлърэ и лIапIэ зыщIыпIэ щыхъумауэ, е и Iэщэ-фащэм, е бийм ейм мэгъу къару гуэри ядэплъагъуркъым, атIэ бий мэхъаджэр бжыгъэкIэ йофIэкI, къызэрытогуэри и псэр ягъэн. Мыпхуэдэ къэIуэтэкIэм (лIыхъужьыр гъэпцIагъэкIэ утыку ирашэу яукIыу) нэхъыбэу зыщызужьар тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосырщ, икIи мы щытыкIэр нарт эпосым абы къыбгъэдихауэ къэплъытэ хъунущ.

Адииху и циклыр нарт эпосым хэгъыхьапхъэу щIэныгъэлIхэм къалъытэми, мыбы къызэщIиубыдэ IуэрыIуатэм нэхъыбэр тхыдэ хъыбарыжьхэм нэхъ пэгъунэгъущ. Псалъэм папщIэ, Адииху и щхьэгъусэм и образым щызэхуэхьэсащ курыт лIэщIыгъуэм щыIа зекIуэлIым и шыфэлIыфэ куэд, апхуэдэуи абы и дуней ехыжыкIэр къызэрыIуэтар, и фызым и Iэм нурыр къыпихрэ жэщым я нэхъ кIыфIыр къигъэунэхуу къыхэщу зэрыщытыр къыумылъытэмэ, пэжым пэблагъэщ: ар ежьэурэ шы къиху и хабзэщ, абыи ирогушхуэ, арщхьэкIэ Адиихум идэркъым, и лIым и лIыгъэ закъуэкIэ шыр къиху зэрыжиIэр, атIэ езым бгъэдэлъ зэфIэкIым (и Iэм дунейр къигъэунэхуу зэрыщытым) ар хуехь; Адииху зэгуопри и Iэр щхьэгъубжэм дишиикIыу гъуэгур и лIым къыхуигъэунэхуркъым, мыдрейми жэщ кIыфIым шыр лъэмыжым къытрехуэ, езыри шыри щохури псым етхьэлэ [Нарты… 2025b: 120–121].

Мамхэгъ Абдулыхь (1909 гъ.къ.) къиIуэтэжам [Нарты… 2025b: 124–125] Сосрыкъуэ Адииху и щхьэгъусэу къыхощ, ищхьэкIэ зэрыжытIам хуэдэу и лIыр псым итхьэла нэужь, къэхъуар и зэрану Адииху къелъытэри псым зыхедзэж.

Тхыдэр зи лъабжьэ лIыхъужь эпосым и гугъу пщIымэ, мыбыи хэтщ уэрэд, хъыбар зыбжанэ, мифологием иджыри пыщIэныгъэ быдэ хуаIэу. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Лэжьэрокъуэм и циклыр (уэрэдыр, хъыбарыр) (циклыр нэхъ убгъуауэ щызэпкърыхащ Гъут I.М. и лэжьыгъэхэм (еплъ, п.п. «Художественно-стилевые традиции адыгского эпоса» тхылъым [Гутов 2000: 54–76])). Хъуран Хьэсэн (1907 гъ.къ.) къиIуэтэжа «Лэжьэрокъуэм и хъыбарыжьым» [Адыгские историко-героические… 2023: 473–480] къызэрыхэщымкIэ, жын муслъымэнхэмрэ жын джаурхэмрэ (мыпхуэдэу жынхэр зэхэгъэкIыныр нэхъ иужькIэ IуэрыIуатэм къыхыхьауэ жыпIэ хъунущ; зэрыщыт хабзэр – жын хужь, жын фIыцIэ) зэзауэхэрти, иужьрейхэр зэрынэхъыбэм къыхэкIыу, жын муслъымэнхэм къатекIуэрт. Апхуэдэу щыхъум, я нэхъыжьым йочэнджэщхэри, къажреIэ «лъы къабзэм зыгуэр къыхэмыIэбауэ, лъы къабзэкIэ къалъхуа пщым» къыпкърыкIа къадэзауэмэ, зэратекIуэнухэр. Къэбэрдей псом щагъуэтакъым апхуэдэ, Лэжьэрокъуэм фIэкIа. (ГъэщIэгъуэнщ пасэрей жанрхэм дазыщрихьэлIэ телъыджагъэ хэлъу лIыхъужьыр дунейм къытехьэныр къызыхэщ мотивым (мотив чудесного рождения) мыбдежым зэрызыщихъуэжым: Лэжьэрокъуэр адрейхэм къащхьэщокI, «пщы къабзэм» къызэрилъхуамкIэ).

Сюжетым адэкIэ зэрызиужьщи, жын муслъымэнхэм ар ядыгъу, мыдрейри илъэсибгъукIэ абыхэм ядозауэ, текIуэныгъэр зыIэрагъыхьэ. АрщхьэкIэ Лэжьэрокъуэм и щIыпIэр игу къохьэри кIуэжыну зэрыхуейр жынхэм яжреIэ. Мыдрейхэри ар яутIыпщыжыну арэзы мэхъу, ауэ дунейм щехыжыну зэманыр, ар къэсымэ, ищIэн хуейхэр къыгурагъаIуэ. Лэжьэрокъуэр къокIуэж, зэщIэкIэжауэ, и Iэбжьанэ-лъэбжьанэхэр пыкIыкIауэ, щыгъыныджэу. Хуэм-хуэмурэ и щхьэгъусэми къецIыхуж, абы и фIыгъэкIи цIыху сурэтым къоувэж. АдэкIэ хъыбарым къыпоувэ лIыхъужьыр дунейм зэрехыж щIыкIэр къызыхэщ Iыхьэр.

Жынхэм жыхуаIа пIалъэр къыщыблагъэм, и дауэ-дапщэр дэзыхын хуейхэр езыхэрати, абыхэм я унафэкIэ Лэжьэрокъуэм уэсят къещIыж: и псэр хэкIмэ, зы цIыху къыбгъэдамыгъыхьэу и хьэщIэщым яхьу щагъэтIылъын хуейуэ, бжэри ягъэбыдэу зыми хуIуамыхыу, мащи къамытIыну икIи щIамылъхьэну – арат

уэсятыр. Апхуэдэу щыжиIэм, и щхьэгъусэм гурыщхъуэ ещI, Iуэхум зыгуэр зэрыхэлъымкIэ. Лэжьэрокъуэр дунейм йохыж, зэрыжиIауэ, хьэщIэщым яхь, ауэ фызым зегъэпщкIури зыкъыщIенэ, къэхъум еплъыну. Ауэрэ жынхэр къызэхуос, хьэдэм хуэщIапхъэхэр хуащIэ, дыщэ таж яIыгъщ, Лэжьэрокъуэм щхьэрыгъыу щIалъхьэну. И гъыбзэр яусын щIадзэри, икIэм нэмысауэ цIыхубзым и Iэуэлъауэ зэхахри, зэрогъащтэри жынхэр щIокIыж. ЕтIуаунэ махуэми къытрагъазэ, фызым зегъэбыдэри якIэлъоплъ, гъыбзэр усын яухри, хьэдэр щIаххэри йожьэж, зыщIалъхьари цIыхум кърамыгъащIэу Лэжьэрокъуэм щIыр ирагъэгъуэтыж.

Мы лIыхъужьым и хъыбарыр абыкIи иухыркъым. Фызым зэхиха гъыбзэр зригъэщIати, жаIыну къыщрагъажьэкIэ, блыным фIэдза джатэр, Лэжьэрокъуэ ейр, хъейуэ щIидзэрт. Ефэндыр ягъаплъэри, жэуапу къарет, псалъитI къэс я кум псалъищ абыхэм къезэгъыу яхухэгъэувэмэ, итIанэ гъыбзэр зэрыжаIэфынур. Аращи, зэрынэрылъагъуэщи, дунейм ехыжам и псэр, и джатэр, и гъыбзэр зэпыщIауэ хъыбарым къыщыIуэтащ (егъ.: лIыхъужьым е бийм и псэр и джатэм хэлъу къызыхэщ мотивым).

Гу лъытапхъэщ угъурлыгъэ/угъурсызыгъэм ехьэлIауэ лъэпкъым хэлъа гупсысэм и кIапэлъапэ тхыдэ эпосым къызэрыхэнами. Абы и лъэужь хыдолъагъуэ, псалъэм папщIэ, Шэджэмокъуэ Хьэсанш и кIуэдыкIар къэзыIуэтэж сюжетым. Хьэсаншым къыпэлъэщ хэкум имыс жыхуаIэм хуэдэт, и лIыгъэмкIэрэ и хьэлэлагъкIэ дэнэ щIыпIи цIэрыIуэ щыхъуат. Жылэ псом я нэхъ дахэ Дасусэ къишэн мурадкIэ ар лъыхъури, хъыджэбзри арэзы техъуат. Хъыджэбзым нэгъуейхэри къалмыкъхэри къыщIэупщIэрт. Хьэсаншыр зекIуэ щыIэу, и къэкIуэжыгъуи нэсауэ, къалмыкъхэм пщащэр ирахьэжьащ. Нэгъуейхэм ар къащIэри фызышэм къапэуващ. Хьэсаншри къэсыжати, яхохьэ, зэбгрехухэри Дадусэмрэ и жэмхэгъасэ хъыджэбзымрэ къахехыж. КъыздэкIуэжхэм, шыщIафэ гъуэжь джанэ щыгъыу лIы щIакъуэ, фочыр зыщIигъакъуэурэ пкIэуэ, гъуэгум щрохьэлIэхэр. Жэмхэгъасэ хъыджэбзыр мыувыIэжу шыщIафэ джанэм тепсэлъыхьырти, Дасусэм ар угъурсызыгъэм хуихьащ. Хьэсаншми мурад ищIащ, джанэр хъыджэбзым къыхуихьыну. ЛIым щыбгъэдыхьэм къыжриIащ: «Угъурсызиблым ебланэр сэращ, мо дыгъэм си псэр дыкъухьэнущ, уэ пхуэдэлI зэрызэдэсхьынур сигу къоуэ». Абы хэту лIы щIакъуэр фочымкIэ къеуэри Хьэсаншыр къиуIащ, мыдрейри еуэжри лIыр иукIащ, шыщIафэ джэдыгур жэмхэгъасэм къритри, и псэр хэкIащ [Кардангушев 2009: 346–349].

Нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ щызэтеува нэгъуэщI пкъыгъуэ куэд зи гугъу тщIы эпос лIэужьыгъуэм къигъэсэбэпуи ущрихьэлIи щыIэщ, ауэ а псори езы тхыдэ эпосым и лъэхъэнэм къигъэтIэсащ. Абы къикIращи, жанр «нэхъыжьхэр» зэрызэхэлъ мотив, сюжет куэдыр я къуэпскIэ пасэрей фIэщхъуныгъэхэм пыщIами, зэман дэкIыу цIыхум нэхъыбэ къыгурыIуэ хъууэ а дуней еплъыкIэхэр текIуэтами, IуэрыIуатэм апхуэдэ мотив, сюжетхэр занщIэу IэщIыб ищIыркъым, атIэ художественнэ къалэн ягъэзащIэу къыхонэ (псалъэм папщIэ, лIыхъужьыр къызэрыхагъэщхьэхукI Iэмалу къагъэсэбэп). Ауэ, абыхэм я лъэужьхэр нэхъ иужьу къэунэхуа жанрхэм хэтлъагъуэми, ахэр нэхъ мащIэ зэрыхъуным, цIыху гупсысэм зэрызиужьам пэджэжу зэрыщытыным IуэрыIуатэр хущIокъур. Апхуэдэ нэщэнэ нэхъыщхьэу тхыдэр зи лъабжьэ уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ ябгъэдэлъщ абыхэм къаIуатэр гъащIэм и пэжым пэгъунэгъуу зэрыщытыр.

Андемыркъан пэж дыдэу дунейм зэрытетар къыщыхута лэжьыгъэ зыбжанэ зэрыщыIэм дыщыгъуазэщ. Ауэ абы и циклым пасэрей пкъыгъуэхэу хэтыр мынэхъыбэмэ, нэхъ иужькIэ къежьахэм нэхърэ нэхъ мащIэкъым. Псалъэм папщIэ, пасэрейщ миф псэущхьэр (мэзылIыр) и адэу зы хъыбарым къызэрыщыIуэтар. Вариант зыкъомым абы и адэ-анэр къызэрыгуэкI цIыхуу, ауэ батыр лъэпкъым къыхэкIахэу, Андемыркъан къалъхуагъащIэу бгъэр теуэу ирихьэжьу Къэбардейм кърихьауэ, ещанэхэм пщымрэ унэIут цIыхубзымрэ къалъхуауэ къыщыжыIащ. Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ пасэрей мотивхэм къахэщ дуней къытехьэкIэр гъащIэм и пэжым кIуэ пэтми хуэша хъуащ. Ауэ псом щыгъуэми къаIуатэр зыщ – мы

лIыхъужьыр и дуней къытехьэкIэкIэ адрейхэм къащхьэщокI. А псом къикIращи, ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ образ къэгъэщIыкIэм нэхъ кIасэу къэунэхуа циклхэри тетщ.

А щытыкIэхэм я Iэужь хыдолъагъуэ Андемыркъан дунейм зэрехыжам теухуа сюжетми. ЗанщIэу гу лъумытэми, нэхъ кууIуэу уриплъэмэ, мыбы и образми бгъэдэлъщ нарт эпосым и лIыхъужьхэм я нэщэнэ – и псэр и джатэмрэ и шымрэ пыщIа хуэдэщ. Зы лъэныкъуэкIэ ар лIыхъусэжь нэсщи Iэщэ-фащэм хуэIэрыхуэщ, ахэр щIыгъумэ, мы дунейм узэрыпэлъэщын щыIэкъым. Ауэ Сосрыкъуэ, Батрэз сымэ хуэдэу, ахэр абы и тIасхъапIэхэщ. «Андемыркъан и шым тесу, и Iэщэр иIыгъыу дэ тхуэукIынукъым, ауэ ар дукIын папщIэ и шым темысу, и Iэщэр имыIыгъыу къытпэщIэхуэн хуей, – жиIэри…» [Адыгские историко-героические… 2019: 166–169]. Апхуэдэу зэрыщытыр бийм къызэрищIэри гъэщIэгъуэну сюжетым хэухуэнащ. Нарт эпосым мэгъу зэфIэкI зыбгъэдэлъ персонажхэм (уд, нэжьгъущIыдзэ, уэрсэр, н.) лIыхъужьым и лIапIэр кърагъэхутэмэ, мыбдежым а къалэныр зыгъэзащIэр зи быдзышэ зэIурылъ и ныбжьэгъурщ: Беслъэн ПцIапцIэ и унафэкIэ, Къэниболэт гъэпцIагъэкIэ и шым темысу, и джатэр имыIыгъыу Андемыркъаныр къыдешри бий утыкум ирешэ, къаухъуреихьри лIыхъужьыр хагъащIэ (егъ.: Пагуэ и къуэ Тэтэрщауэ зэраукIам).

Андемыркъани хуэдэу, ЕщIэнокъуэ зэшхэм ятеухуа IуэрыIуатэр тхыдэр зи лъабжьэ эпосым и пасэрей лъэхъэнэу зэрыщытыр белджылы къэзыщI нэщэнэхэм ящыщ зыщ нарт эпосым, лIыхъужь псысэхэм пыщIэныгъэ куу зэрыхуаIэр. Мы лIыхъужьхэм ехьэлIа уэрэдхэмрэ хъыбархэмрэ цикл щхьэхуэ къызэрагъэщIым къыдэкIуэу, мотив, сюжет куэдыр, персонажхэм я IуэхущIафэ, шыфэлIыфэ, дуней тетыкIэхэр абыхэм къыпкърахауэ зэрыщытыр наIуэ къохъу, ахэр щызэбгъапщэкIэ. Абыхэм я гугъу зэ тщIауэ щытащи, а псоми аргуэру къыщIытедгъэзэжын щхьэусыгъуэ щыIэу къэтлъытэркъым [Бухуров 2022]. Ауэ дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэр нэхъ ирикъуу къэIуэта хъун папщIэ, зэшитIым я дуней ехыжыкIам теухуа сюжетым щхьэкIэ ттхауэ щытар мыбдежми къыщыдохь: «Циклыр еух ЕщIэнокъуэ зэшхэм я дуней ехыжыкIар къыджезыIэж хъыбарымкIэ. ЗэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр игъуэтами, мыбыи и къэIуэтэкIэр хуэдэщ AT 650B сюжетым. Жанкъетым и нысащIэр бжэ къуагъым къуегъэувэ, дыщэ пыIэр зэрыщхьэрыгъыу. Езыр гъуэлъыпIэм йотIысхьэжри, и сагъындакъымкIэ нэщанэ йоуэри и пыIэр щхьэреуд. ЦIыхубзым хуэмышэчыжу и лIым жреIэ, ЕщIэнокъуэ зэшитIым я лIыгъэр ищIатэмэ, апхуэдэ лей Жанкъетым зэрызэримыхьэнур. Абы къигъэгубжьа Жанкъет ЕщIэнокъуэхэм я лъыхъуакIуэ йожьэ, я лIыгъэр здынэсыр игъэунэхуну. Псысэхэм «лIы щыкIам» нэхъ лъэщыж къыхуэзэу абы и щхьэ кърикIуам щыгъуазэ зищIа нэужь, бзылъхугъэм щхьэрыгъ дыщэ пыIэм нэщанэ еуэныр зыхен. Ауэ мыбдежым апхуэдэкъым, атIэ Жанкъетымрэ ЕщIэнокъуэ зэшитIымрэ лIыгъэкIэ зэрогъэнэху. Жабо Хьэмырзэ къиIуэтэжа хъыбарым [ФАИГИКБНЦРАН: инв. № 528/ф-28] зэрыжиIэмкIэ, зэгъусэу ахэр пащтыхьым иригъэкIуэкI тхьэлъэIум макIуэ, хьэлэбэлыкъ къыщыхъейкIэ, лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэ, шыхэр къаху. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ зэшитIымрэ Жанкъетымрэ зэраукIа щIыкIэр къызыхэщ Iыхьэр: ефэ-ешхэ хуащI хуэдэу защIри, бийхэм ЕщIэнокъуитIыр, Жанкъети я гъусэу, ирагъэблагъэ; зыщIаша унэм щIэс хэгъэрейхэр хуэм-хуэмурэ щIэкIуэсыкIыурэ мо щыр къыщIанэ; унэр къаухъуреихьри зауэр яублэ; сыт хуэдэ лIыгъэ яхэмылъами, ЕщIэнокъуитIри Жанкъетри а зауэм хокIуадэ.

ГъэщIэгъуэну къэIуэтащ циклым дазыщрихьэлIэ КIэфыщ и къуитIым я кIуэдыжыкIари. ЕщIэнокъуитIымрэ КIэфыщ и къуитIымрэ бий щIызэхуэхъуа щхьэусыгъуэр хъыбар вариантхэм псоми щызэтехуэу жыпIэ хъунущ. Ар ЕщIэнокъуэхэ я анэм мыдрей тIур гъуэгум щрихьэлIэу и нэкIур зэрауIауэ щытарщ. Ауэ абыхэм я зэбиинығъэр зэриухар къызэрыIуэтар щызэщхьэщыкI щыIэщ. Вариант нэхъыбэм къазэрыхэщымкIэ, Бахъшысэрей зекIуэм зэшхэм къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм гу лъызытахэм я фIэпсэкIуэд хъуащ, ахэр

лъы щIэжыным зэрытекIуэдэнухэр, икIи фызыжьым деж лъэIуакIуэ ягъакIуэхэр, КIэфыщ и къуитIым къытрадза дыркъуэр къахуигъэгъэгъуну ирагъэлъэIунхэу, мыдрейри арэзы мэхъури зэшитIыр къуэ къещI, апхуэдэ щIыкIэкIэ и къуэхэм ирегъэкIуж. Ауэ вариант щыIэхэщ, ЕщIэнокъуэхэм а лейр ямыгъэгъуу къызыхэщи: Талъостэныпщым и къуэ Къэрэщейри абыхэм бий яхуэхъуати, ЕщIэнокъуэ зэшхэм ягъусэу унафэ ящIри, тхьэлъэIу къызрагъэпэщ; зэшитIыр кърагъэблагъэри бжыхьышхуэ щытым пэгъунэгъуу хуагъэхьэзыра тIысыпIэмкIэ щагъэтIыс, бжыхьыр трагъэукIуриери къамэкIэ дэпыджыкIыурэ бжыхь лъабжьэм кIэщIаукIыхьыр [Адыгские историко-героические… 2023: 369–375]. Мы иужьрей сюжетыр тхыдэ эпосым нэхъыбэу зыщызужьахэм ящыщ зыщ. Апхуэдэ дыдэущ, хъыбарым къызэрыхэщымкIэ, ХьэтIохъущокъуэм бий къыхуэхъуа Щоджэнокъуэ зэшхэр, Алыджыкъуэри яхэту, зэригъэкIуэдари: «ХьэтIохъущыкъуэ и атэлыкъыр Тамбийхэт, Тамбийхэ я щакIуэхьэ Щоджэнокъуэхэ яубыдауэ яIыгът, ирамытыжу. Ар ХьэтIохъущыкъуэ щхьэусыгъуэ хуэхъури, Тамбийхэ игъэIущащ, Щоджэнокъуэ зэшихыр кърагъэблагъэу ефэ-ешхэ хуащIу зэтраукIэну. Абы хуащIауэ чийхэр яхущ, узэреIэу уэн къудейуэ ягъэуври, ар жьауапIэ-ефапIэ ящIри зэшихри, Алыджыкъуэ я пашэу, кърагъэблагъэри, чэф хъуху ирагъэфащ. ИкIэм, зи жьауэ щIэс чийхэр трагъауэри, езы Тамбийхэ а чийхэм теувэжри къамэпэкIэ епыджурэ Щоджэнокъуэ зэшихыр яукIащ» [Кардангушев 2009: 328–329].

Созэрыхьэ ехьэлIа IуэрыIуатэм къыщыгъэлъэгъуэжащ XVII лIэщIыгъуэм Къэбэрдейр зэрыта щытыкIэр, яIа зэдэпсэукIэр – зэпыу имыIэу къатеуэ хамэдзэ зэрыпхъуакIуэхэм пэщIэтыным къыдэкIуэу, уэлиигъуэр зэпаубыдурэ езы пщыхэми я зэхуаку зэныкъуэкъу къыдэхъуэу зэрыщытар. Уэрэдыр, хъыбарыр къежьэным лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм и зы Iыхьэ щхьэусыгъуэ хуэхъуами, а лъэхъэнэхэр IупщIу къагъэлъэгъуэн, сюжетыр удэзыхьэх ящIын папщIэ, мыбы халъхьащ нарт эпосым, лIыхъужь псысэм, мыбы япэ къиту зэтеува Андемыркъан, ЕщIэнокъуэ зэшхэм я циклхэм куэдрэ уащыхуэзэ мотивхэр, сюжетхэр, образ къэгъэщIыкIэм и хабзэхэр. Псалъэм папщIэ, КIэм Исуф (1902 гъ.къ.) къиIуэтэжа вариантым [Адыгские историко-героические… 2023: 531–545] къызэрыхэщымкIэ, Созэрыхьэ, Андемыркъан ещхьу, пелуан лъэпкъым къыхэкIат, езыми егъэлеяуэ къаруушхуэ бгъэдэлът. АрщхьэкIэ, языныкъуэ нарт, псысэ лIыхъужьхэм хуэдэу, ар абы иубзыщIырт, щIихъумэрт. И сабиигъуэм Ашэмэз, Батрэз сымэ ещхьу, щIалэ цIыкIу джэгухэм яхыхьэмэ, сыткIи ятекIуэу екIуэкIыурэ, зэгуэрым зы щIалэ цIыкIу гуэр и анэр къогие, абыхэм къезауэ нэхърэ, апхуэдизу щылIыхъужькIэ, и къуэш кIуэдахэр къигъуэтыжмэ нэхъ лIыгъэу зэрыщытыр къриIуэкIыу.

Пэжщ, мыр, нарт лIыхъужьхэм къащхьэщыкIыу, илъ ищIэжыну ежьэркъым, атIэ и анэ шыпхъум и къуэ Хъусин Лъабгъуэр къилъыхъуэну гъуэгуанэ теувэу арщ. Абы щыгъуэщ абы гъэпщкIуауэ бгъэдэлъ пелуанагъыр наIуэ къыщыхъури. Нарт эпосымкIэ, псысэхэмкIэ дызэрыщыгъуазэщи, щIэдзапIэм деж фэ лъэпкъ зрамыплъ, фейцейуэ хуэпа, зы къару гуэри къылъыкъуэкIыну узыщымыгугъ лIыхъужь «мыхьэнэншэм» напIэзыпIэм зыкъызэкъуехри, лIыхъужьыгъэхэр егъахъэ, зыми хузэфIэмыкIа Iуэхугъуэшхуэхэр зэфIех, апхуэдэу ар щIыщытри зыщ – и мурадхэр (нысащIэ къэшэн, илъ ищIэжын, н.) зыIэригъэхьэн папщIэщ. Мыпхуэдэ щытыкIэр тхыдэр зи лъабжьэ эпосым къыхыхьащ, абы щыгъуэми апхуэдэ Iэмалым хуокIуэр лIыхъужьыгъэкIэ цIэрыIуэу щыт я нэхъ хъыжьэ дыдэ лIыхъусэжьыр. Апхуэдэщ ЕщIэнокъуэ зэшхэм я адэ Атэбийр: шыхэм кIэлъыплъыну фэ зытрегъауэ, и лIыгъэр егъэпщкIури, лъыкIэ и бий Дэгужьей зыкърimыгъэщIыхуу гъусэ зыхуещI, иужькIи ар еукIыж. Нэхъ пасэу нарт эпосым щызэтеува циклхэм лIыхъужьыр а бзаджагъэм хуекIуэныр бийм бгъэдэлъ мэгъу зэфIэкIхэм, хъуэщнэщыгъэ зэрахьэхэм пэджэжу жыпIэ хъунуми, Атэбий хуэдэм а Iэмалыр къигъэсэбэпыныр къемызэгъыу зэрыщытыр IупщIщ, курыт лIэщIыгъуэм лIыгъэм, хахуагъэм теухуауэ щыIа гупсысэхэр къэплъытэмэ. Ауэ мыбдежым хэтлъагъуэр нэгъуэщIщ. Хъыбарым е уэрэдым щIэдэIум занщIэу гу

лъетэ пэщIэдзэм деж «мыфэмыцу» къэгъэлъэгъуа лIыхъужьым, адэкIи и гъащIэр зэрыхъунур псынщIэIуэу къызэрищIэнуми хуопабгъэр, а щIыкIэмкIи IуэрыIуатэм щIэдэIур дрегъэхьэх. Аращи, нэхъыщхьэу къилъытэу гу зылъыуигъэтэну, къыхиIэтыкIыну зыхуей Iуэхугъуэр иригъэбелджылыуэ мы нэщэнэр ижь-ижьыж лъандэм IуэрыIуатэм къигъэсэбэп Iэмалхэм ящыщ зыуэ арщ. Созэрыхьэ и циклми а Iэмалыр къыщыгъэсэбэпа хъуащ. Иджыри къэс щIихъума и къарур наIуэ къищIын хуей мэхъу, гъуэгум щытыкIэ гугъу ихуа цIыхухэм ар дэIэпыкъуну щыIэмалыншэкIэ (жыг абрагъуэр лIыжь цIыкIум мэзым къыхущIелъэф, псыпцIэм хэна выгур къахухелъэфыж, мыл щтырыгъуу дэкIыпIэм кIэрына гур, выхэр зэрыщIэщIауэ къыделъэф, н.). Ауэ, гу зылъытапхъэращи, щапхъэу къэтхьа лIыхъужьхэм къащхьэщыкIыу, Созэрыхьэ а щытыкIэм насыпыфIэ ищIыркъым, атIэ ар ХьэтIохъущыкъуэпщым пелуан къызэригъуэт щIыкIэр абыкIэ къэIуэтауэ арщ. Къапщтэмэ, аращ мы лIыхъужьым и кIуэдыкIар къызыпкърыкIари.

Пщым пелуану къищтэну къыщыжриIэкIэ, Хъусин Лъабгъуэ зым иримыгъэбэнынумэ, зэрыарэзыр къыгурегъаIуэ. Хъусин Лъабгъуэр Шужьейм и пелуанти, ХьэтIохъущокъуэр щымыIэу, игъэбэнэну гъэпцIагъэкIэ Созэрыхьэр дешри Хъусиныр къыпегъэув. Созэрыхьэр текIуэу щилъагъукIэ, Шужьейр абы бгъэдохьэри гу зылъримыгъатэу гъэпщкIуауэ иIыгъ хьэджасэмкIэ йоуэри еукI. Апхуэдэ щIыкIэкIэ лIыхъужьыр дунейм йохыж.

ЗыкъомкIэ зэтохуэ Адииху и щхьэгъусэр псым зэритхьэлэмрэ Тамбий и къуэ Дыгулыбгъу и дуней ехыжыкIамрэ. Пэжщ, мы иужьрейм хэтыжккъым бзылъхугъэм и IэмкIэ гъуэгур и лIым къыхуигъэнэхуу къызыхэщ мотивыр. Дыгулыбгъу гъусэ иIэу зекIуэ макIуэри, шы гуартэ кърахужьэ. Пхъэр къакIэлъожьэри, зауэ-банэ къохъей, Дыгулыбгъу и шу гъусэхэм щыщ куэди хокIуадэ. Зэрыхуейуэ зекIуэр зэрымыхъуам къигъэгубжьа Дыгулыбгъу Бахъсэныпс къиуам шыр къыхехуэри, шыри езыри етхьэлэ [Кардангушев 2009: 329–331].

Мыпхуэдэ щытыкIэ хыдолъагъуэ 1987 гъэм Нало Заур итхыжауэ щыта «Къербэч и хъыбарым» [Адыгские историко-героические… 2023: 590–598]. Хъыбарыр IыхьитIу зэщхьэщыбгъэкIмэ, япэм къыщыIуэтащ мы лIыхъужьым и сабиигъуэр, балигъыпIэ иувэу игъэхъа лIыхъужьыгъэр, етIуанэм – дунейм зэрехыжыр. Апхуэдэу щIэдгуэшым и щхьэусыгъуэращи, япэ Iыхьэм IупщIу нэрылъагъу къещI хъыбарым нарт эпосым хуиIэ пыщIэныгъэр: Бэдынокъуэ и адэр укIыпIэм къызэрыришыжам мыр тохуэ, пкъыгъуэ гуэрхэм я къэIуэтэкIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр игъуэтами. А зэхъуэкIыныгъэхэр къэзышэри, дауикI, гурыIуэгъуэщ. Ар, зэрыжытIаци, зытепсэлъыхьыр гъащIэм и пэжым зэрыхъукIэ нэхъ пэгъунэгъуу къэIуэтэным тхыдэ эпосыр зэрыхущIэкъурщ. Псалъэм папщIэ, Бэдынокъуэ теухуами мыбыи къыхощ сабий къалъхуагъащIэр къызэрыхьуа унагъуэм пэIэщIэ зэращIыр. Бэдынокъуэ и циклым ар къызыхэкIыр лIыхъужьыр иджыри ныбэм илъу и гъы макъыр зэхахыу, ар дунейм къытехьэмэ, нартхэр игъэкIуэдынкIэ зэрыщышынэрщ. Ауэ щIалэ цIыкIур хыфIадзами, къазыхъуэ лIыжь-фызыжьым къагъуэт, и анэм иратыж, цIыху трамыгъаплъэу, и адэ Бэдын дыди къуэ зэриIэм химыщIыкIыу, щIыунэм щапI. Къербэч и хъыбарым сабийр унагъуэм пэIэщIэ зэращIымрэ адэр мыцIыхунымрэ къэIуэтащ, адыгэхэм япэм яхэлъу щыта хабзэхэм ящыщ зымкIэ – къану атэлыкъым зэрыратымкIэ: Къанием щIалэ цIыкIу къызэрыхуалъхуу, зыгуэрым ипIыну ехьри, зэадэ-зэкъуэр зэрымыцIыхуу къохъу.

Апхуэдэщ тIум дежи я адэхэр ажалым къызэрырагъэлыр. Бэдынокъуэ теухуам мотивыр къуэпскIэ йокIуалIэ жьы хъуауэ тепщэныгъэр зыIэщIэлъыр укIыжын хуейуэ пасэ зэман жыжьэм цIыхум яхэлъа хабзэжьым: Бэдын яукIыжыну жьыукI хасэм щрагъэблагъэкIэ, гуащэм и къуэр щIыунэм кърешри Iуэхур зыIутыр жреIэ; Бэдынокъуэ хасэм яхохьэри и адэм IэщIагъэуvауэ блащхъуэжьей зыхэс фадэбжьэр къыIэпщIех, лIыжьыр щхьэгъубжэм къыдегъэувыкIри кIуэжыну унафэ хуещI, езыр нартхэм ар яхуимыгъэгъуну яхохьэ. Мыдрей хъыбарым зэрыжиIэмкIэ,

Къэние лIыхъужьыгъэ бгъэдэлъщи, и закъуэу дзэ псом япэщIэтщ (егъ.: Бэдынокъуэ и анэм и закъуэу чынтыдзэр зэрыригъэзым). Зэгуэрым зауапIэм Iуту Къэниер биидзэм къызэрыхигъэзыхьыр Къербэчым елъагъури, и адэуи имыщIэххэу, дзэм хохьэри зэтреукIэ, Бэдынокъуэ ещхьу, и Iуэхур зэфIэкIамэ, и унэ екIуэлIэжыну къыжреIэри, лIыр къеутIыпщыж.

КъыкIэлъыкIуэ пкъыгъуэр адэхэмрэ къуэхэмрэ зэрызэрыцIыхужхэрщ. Апхуэдэ лIыхъужьыр и хэту щытамэ нэхъ къызэрищтэр къищIэну унэгуащэр Бэдын еупщIу къуэуэ зэрехъуэпсар къыгурыIуа нэужь, Бэдынокъуэ къыщIешэри зэрегъэцIыхуж, хъыбарри апхуэдэу еух. Къербэч и хъыбарыр абыкIэ зэфIэкIыркъым, атIэ сюжетым адэкIэ къыпещэр, абы щыгъуэми зэадэ-зэкъуэр зэрызэрыцIыхужыр гуауэм пыщIауэщ – и къуэм и ажал къэсауэ пIэм хэлъу и адэм ар япэу илъагъуу арщ. КъызэрыщIэкIамкIэ, нэгъуейхэм Къербэч ягъэкIуэдыну мурад ящIри зы фочауэ къыпагъэтIыс, мор къоуэри уIэгъэ хьэлъэ къещI. Лъэрымыхьу пIэм щыхиубыдэкIэ, и адэм деж ягъакIуэри кърагъашэ и къуэр ирагъэлъагъужыну. И адэр хэтми, ар япэу къыпэрыхьэну къыщищIэкIэ, щылъу абы зыкъримыгъэлъэгъуну, бгыкъум кIапсэ ирырегъащIэри, ар иIыгъыу щыту и адэм IуощIэ. Къэниер щхьэщысу и къуэм и псэр хокI, шыкхъаблэкIэ ехьыжри щIелъхьэж, адэкIэ и къуэм илъ ещIэж. А псом къикIращи, нарт эпосым зыщызужьа сюжетыр мыбдежми къыщыгъэсэбэпащ, ауэ езым и пщалъэм къигъэтIэсащ, Къербэч лIыхъусэжьым и дуней ехыжыкIари абыкIэ къэIуэта хъуащ.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIауэ, пасэрей жанрхэм зыщызужьа пкъыгъуэхэм щыщ зыбжанэ мы дызытепсэлъыхьа циклхэм къахыхьауэ щытмэ, адэкIэ эпосым и зыужьыныгъэм хыболъагъуэ ахэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ зэрыхъум, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ тхыдэ эпосым гъащIэм пэж дыдэу зэрыщекIуэкIынкIэ хъунум хуэдэ дыдэу зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуэжащ. Абы и щапхъэу къэпхь хъунущ Бзэтхьэл и къуитIым ятеухуа уэрэдымрэ хъыбарымрэ.

ЗэшитIыр бжьэдыгъу лъэпкът, ахэр иджыри сабийуэ, лъэпкъ зэбий-зэзауэм я адэр хэкIуэдат. Я анэр щIалэ цIыкIуитIым тегузэвыхь хъуащ, къыдэкIуэтеймэ, ахэри яукIынкIэ тешыныхьу. Ар къэбэрдеипхъути, сабиитIыр зыщIигъури и дыщым къишэжащ, абы щипIащ. Мыдрейхэри къыдэкIуэтейри щышэсхэм, щIыналъэ псом нэхъ лIыхъужь ущагъэлъыхьуэну лIы къахэкIащ. Къалмыкъыдзэм пэщIэтахэщ. ЗекIуэ щыкIуэхэкIэ, шуупэу, къыщыкIуэжкIэ шуукIэу ядэкIуахэщ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, я адэм и щхьэ крикIуар ящIэрти, бжьэдыгъум ягъэзэжащ, ялъ ящIэжын мурад яIэу. Дзыхь ирагъэзу зэкIуалIа бысымым бзэгу ихьащ, зыщIэс хьэщIэщыр бийхэм къаувыхьри, зэзауэ щыхъум, зэшитIыр хэкIуэдащ [Кардангушев 2009: 312–314].

Хьэтх КъуэкIасэ теухуа IуэрыIуатэм къызэрыхэщымкIэ, шапсыгъхэм ящхьэщытащ Даухэ я къуэ пщы сэхъуа. Ар апхуэдизкIэ щыкIати, унафэу игъэуват, нысащIэ къашамэ, лэгъунэм езыр япэ щIыхьэн хуейуэ. КъуэкIасэм ар и псэм темыхуэу, Дау и къуэм пэуващ, абы къыщымынэу езы пщым и щхьэгъусэм щIасэ зыхуищIащ, жылэм ятригъэлъ бэлыхьыр пщым и щхьэкIэ зыхригъэщIэну. ЩакIуэгъуэ лъэхъэнэу Хьэтхыр щакIуэ дэкIауэ, Дау и къуэри абы кIэлъыдокI. Хъыбарым къызэрыхэщымкIэ, а зэманым хабзэу щыIащ – къемыдаIуэхэр, я бийхэр Iэрыубыд ящIрэ, пхауэ, кIэсу тенджыз Iуфэм яхьрэ тырку кхъухь къекIуалIэхэм иращэу. Дау и къуэм КъуэкIасэр игъэшынэу игъэкIэсу тенджыз Iуфэм ихьу ищэну зэныкъуэкъу щыхъум, Хьэтхым и къуэм кIэсын имыдэу пщыр еукI, езыри пщыгъусэхэм яукIыж [Кардангушев 2009: 314–317].

Дызриплъа текстхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, лIыхъужьыр пэж дыдэу дунейм тетами, абы теухуа уэрэдыр е хъыбарыр зытепсэлъыхьыр пэж дыдэу къэхъуами, пасэрей фIэщхъуныгъэхэм къапкърыкIа мотивхэм я лъэужь, ар зы псалъэу фIэкIа къэмыIуэтами, узыщримыхьэлIэ куэд тхыдэр зи лъабжьэ эпосым хэмыту жыпIэми ущыуэнукъым. КъардэнгъущI Зырамыку и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ зым къыхощ, Сыжажэ Къылшыкъуэ и къуэ Абдурэхьим ишэу Зеикъуэ бжьэпэм тет Щоджэнокъуэ

зэшхэр зыщIэлъ чэщанэр зэрыригъэлъэгъуауэ щытар [Кардангушев 2009: 329]. Чэщанэм и лъабжьэхэр иджыри IупщIу уолъагъу. Абы теIукIауэ ягъэхъыбару щытащ, убгъэдыхьэмэ, жьапщэшхуэ къыкъуэууэ дуней къутэж къэхъуну, абы хэлъ мывэхэр псэуалъэм хэплъхьэ мыхъуну. 1754 гъэм екIуэкIа мэкъумэшыщIэ зэщIэхъеиныгъэр къызээзыгъэпэща Дамалей Мамсырыкъуэ гъэпцIагъэкIэ Iэрыубыд ящIри гущIэгъуншэу яукIащ, и хьэдэри Малкэ, Сармакъ къуажэхэм я зэхуаку дэт «КIунэ и тIыгъэкIэ» зэджэ Iуащхьэ лъапэм щыщIалъхьэжащ. Къазэрыщыхъуу щытамкIэ, абы и кхъащхьэдэсэ сыныр техьэгъуэ узым и хущхъуэт, абы щхьэкIи къыкIэраупсыкIыурэ сыныр яухащ [Кардангушев 2009: 309].

ЛIыхъужьыр дунейм зэрехыж щIыкIэр адыгэ эпосым къызэрыщыIуэтар къэтхьа щапхъэ къудейхэмкIэ, дауикI, зэфIэкIыркъым. Мыхэр куэдкIэ нэхъыбэщ, икIи шэч хэлъкъым ди Iэ зыхунэмысу къэнахэри къэппщытэмэ, пшыналъэхэм, уэрэдыжьхэм, хъыбархэм я къулеягъыр нэхъ IупщI къызэрищIынум. Ауэ дызытепсэлъыхьахэмкIи гурыIугъуэ мэхъу пасэрей гупсысэкIэхэм къапкърыкIыу миф хъыбарыжьхэм мотивым зиужьын зэрыщыщIидзар, адэкIэ къэIуэтэкIэкIэ зэмылIэужьыгъуэ куэду зэтепщIыкIыжурэ лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа адыгэ эпосым зэрызыщиужьар, зы лъапсэ яIэми, пкъыгъуэ куэдыр зэIэпахыурэ жанрхэр къызэрызэдэгъуэгурыкIуар.

## ТегъэщIапIэхэр
## Список источников и литературы


Адыгские историко-героические… 2019 – *Адыгские историко-героические песни и предания.* В 2-х т. Т. 1. Андемиркан / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: Ред.-изд. отдел ИГИ КБНЦ РАН, 2019. 430 с.

Адыгские историко-героические… 2023 – *Адыгские историко-героические песни и предания.* В 2-х т. Т. 2. Песни и предания раннего периода / гл. ред. А.М. Гутов. Нальчик: Издательская типография «Принт Центр», 2023. 612 с.

Алиева 2019 – *Алиева А.И.* Адыгский героический эпос. Сказка: Источниковедение. Текстология. Типология. Семантика. Поэтика (серия ИМЛИ РАН «Фольклор»). М.: ИМЛИ, 2019. 736 с. DOI: 10.22455/978-5-9208-0587-4

Березкин, Дувакин… – *Березкин Ю.Е., Дувакин Е.Н.* Тематическая классификация и распределение фольклорно-мифологических мотивов по ареалам. Аналитический каталог. URL: https://www.ruthenia.ru/folklore/berezkin/index.htm (Дата обращения: 06.11.2025).

Бухуров 2022 – *Бухуров М.Ф.* Основные сюжеты и мотивы цикла о братьях Ешаноко [на адыг. яз.: ЕщIэнокъуэ зэшхэм я циклым дызыщрихьэлIэ сюжетхэмрэ мотивхэмрэ] // Электронный журнал «Кавказология». 2022. № 4. С. 400–416. DOI: 10.31143/2542-212X-2022-4-400-416. EDN: SPAGLS.

Гадагатль 1967 – *Гадагатль А.М.* Героический эпос «Нарты» и его генезис. Краснодар: Краснодарское книжное издательство, 1967. 423 с.

Гутов 2009 – *Гутов А.М.* Народный эпос: Традиция и современность. Нальчик: Изд-во КБИГИ, 2009. 228 с.

Гутов 2000 – *Гутов А.М.* Художественно-стилевые традиции адыгского эпоса. Нальчик: Издательский центр «Эль-Фа», 2000. 219 с.

Кардангушев 2009 – *Кардангушев З.П.* Избранные труды [на адыг. яз.: КъардэнгъущI Зырамыку. Тхыгъэ къыхэхахэр] / сост. М.Ф. Бухуров, М.А. Табишев, А.А. Ципинов. Нальчик: Изд. М. и В. Котляровых, 2009. 756 с.

Левкиевская 2000 – *Левкиевская Е.Е.* Мифы русского народа. М.: ООО «Издательство Астрель»; ООО «Издательство АСТ», 2000. 528 с. URL: https://rodnovery.ru/images/knigi/levkievskaya-mify-russkogo-naroda.pdf (Дата обращения: 07.11.2025).

Мифы народов… 1992 – *Мифы народов мира.* Энциклопедия в 2-х т. Т. 2 / гл. ред. С.А. Токарев. М.: Советская энциклопедия, 1992. 719 с.

Нарты… 2024а – *Нарты.* Адыгский (черкесский) эпос. В 4-х т. Т. 1. Ранние циклы эпоса. Сосруко / под ред. А.М. Гутова. Нальчик: Издательская типография «Принт Центр», 2024. 432 с.

Нарты… 2024b – *Нарты*. Адыгский (черкесский) эпос. В 4-х т. Т. 2. Озырмес. Батраз. Ашамез / под ред. А.М. Гутова. Нальчик: Издательская типография «Принт Центр», 2024. 472 с.

Нарты… 2025a – *Нарты*. Адыгский (черкесский) эпос. В 4-х т. Т. 3. Бадиноко. Шауей / под ред. А.М. Гутова. Нальчик: Издательская типография «Принт Центр», 2025. 556 с.

Нарты… 2025b – *Нарты*. Адыгский (черкесский) эпос. В 4-х т. Т. 4. Малые эпические циклы. Разрозненные сказания / под ред. А.М. Гутова. Нальчик: Издательская типография «Принт Центр», 2025. 424 с.

Пропп 1986 – *Пропп В.Я.* Исторические корни волшебной сказки. Л.: Издательство Ленинградского университета, 1986. 366 с.

Пропп 1976 – *Пропп В.Я.* Фольклор и действительность. М.: Наука, 1976. 326 с.

Сравнительный указатель… 1979 – *Сравнительный указатель сюжетов*. Восточнославянская сказка / отв. ред. К.В. Чистов. Л.: Наука, 1979. 438 с.

ФАИГИКБНЦРАН – Фоноархив Института гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук.

Фрэзер 1984 – *Фрэзер Дж.Дж.* Золотая ветвь. М.: Издательство политической литературы, 1984. 704 с.

Фрэзер 1985 – *Фрэзер Дж.Дж.* Фольклор в Ветхом завете. М.: Издательство политической литературы, 1985. 512 с.

Хут 2003 – *Хут Ш.Х.* Адыгское народное искусство слова. Майкоп: Адыгейское республиканское книжное издательство, 2003. 536 с.

Шортанов 1974 – *Шортанов А.Т.* Нартский эпос адыгов // Нарты. Адыгский героический эпос / отв. ред. В.М. Гацак. М.: Наука, 1974. С. 8–35.

Thompson 1961 – *Thompson S.* The types of the folktale. A classification and bibliography. Antti Aaarne's «Verzeichnis der Märchentypen» (FFC № 3) translated and enlarged. Second revi sion (FFC 184). Helsinki: Suomalainen Tiedeakatemia, 1961. 588 p.

## References

*Adygskiye istoriko-geroicheskiye pesni i predaniya. V 2-kh t. T. 1. Andemirkan / gl. red. A.M. Gutov* [Adyg historical and heroic songs and legends. In 2 vol. Vol. 1. Andemirkan / Ch. ed. A.M. Gutov]. Nal'chik: Red.-izd. otdel IGI KBNTS RAN, 2019. 430 p. (In Adyg and Russian)

*Adygskiye istoriko-geroicheskiye pesni i predaniya. V 2-kh t. T. 2. Pesni i predaniya rannego perioda / gl. red. A.M. Gutov* [Adyg historical-heroic songs and legends. In 2 vol. Vol. 2. Songs and legends of the early period / ed. A.M. Gutov]. – Nal'chik: Izdatel'skaya tipografiya «Print Tsentr», 2023. 612 p. (In Adyg and Russian)

ALIYEVA A.I. *Adygskiy geroicheskiy epos. Skazka: Istochnikovedeniye. Tekstologiya. Ti pologiya. Semantika. Poetika (seriya IMLI RAN «Fol'klor»)* [Adyg heroic epic. Fairy tale: Source study. Textology. Typology. Semantics. Poetics (series IMLI RAS "Folklore")]. M.: IMLI, 2019. (In Russian)

BEREZKIN Yu.Ye., DUVAKIN Ye.N. *Tematicheskaya klassifikatsiya i raspredeleniye fol'klorno-mifologicheskikh motivov po arealam. Analiticheskiy katalog* [Thematic classification and distribution of folklore and mythological motives by areas. Analytical catalog]. URL: https://www.ruthenia.ru/folklore/berezkin/index.htm (date of access: 06.11.2025). (In Russian)

BUKHUROV M.F. *Osnovnyye syuzhety i motivy tsikla o brat'yakh Yeshanoko* [Main plots and motives of the cycle about the Eshanoko brothers]. IN: Electronic journal «Caucasology». 2022. № 4. P. 400–416. DOI: 10.31143/2542- 212X-2022-4-400-416. EDN: SPAGLS. (In Adyg)

GADAGATL' A.M. *Geroicheskiy epos «Narty» i yego genezis* [The heroic epic "Narts" and its genesis]. Krasnodar: Krasnodarskoye knizhnoye izdatel'stvo, 1967. 423 p. (In Russian)

GUTOV A.M. *Narodnyy epos: Traditsiya i sovremennost'* [Folk Epic: Tradition and Moderni ty]. Nal'chik: Izd-vo KBIGI, 2009. 228 p. (In Russian)

GUTOV A.M. *Khudozhestvenno-stilevyye traditsii adygskogo eposa* [Artistic and stylistic traditions of the Adyghe epic]. Nal'chik: Izdatel'skiy tsentr «El'-Fa», 2000. 219 p. (In Russian)

Kardangushev Z.P. *Izbrannyye trudy / sost. M.F. Bukhurov, M.A. Tabishev, A.A. Tsipinov* [Kardangushev Z.P. Selected works. Comp. M.F. Bukhurov, M.A. Tabishev, A.A. Tsipinov]. Nal'chik: Izd. M. i V. Kotlyarovykh, 2009. 756 p. (In Adyg)

LEVKIYEVSKAYA Ye.Ye. *Mify russkogo naroda* [Myths of the Russian people]. M.: OOO «Izdatel'stvo Astrel'»; OOO «Izdatel'stvo ACT», 2000. 528 p. URL: https://rodnovery.ru/images/knigi/levkievskaya-mify-russkogo-naroda.pdf (date of access: 07.11.2025). (In Russian)

*Mify narodov mira. Entsiklopediya v 2-kh t. T. 2 / Gl. red. S.A. Tokarev* [Myths of the peoples of the world. Encyclopedia in 2 volumes. Vol. 2. Ch. ed. S.A. Tokarev]. M.: Sovetskaya entsi klopediya, 1992. 719 p. (In Russian)

*Narty. Adygskiy (cherkesskiy) epos. V 4-kh t. T. 1. Ranniye tsikly eposa. Sosruko / pod red. A.M. Gutova* [Narts. Adyg (Circassian) epic. In 4 vol. Vol. 1. The early cycles of the epic. Sosruko / edited by A.M. Gutov]. Nal'chik: Izdatel'skaya tipografiya «Print Tsentr», 2024. 432 p. (In Adyg and Russian)

*Narty. Adygskiy (cherkesskiy) epos. V 4-kh t. T. 2. Ozyrmes. Batraz. Ashamez / pod red. A.M. Gutova* [Narts. Adyg (Circassian) epic. In 4 vol. Vol. 2. Ozyrmes. Batraz. Ashamez / edited by A.M. Gutov]. Nal'chik: Izdatel'skaya tipografiya «Print Tsentr», 2024. 472 p. (In Adyg and Russian)

*Narty. Adygskiy (cherkesskiy) epos. V 4-kh t. T. 3. Badinoko. Shauyey / pod red. A.M. Gutova* [Narts. Adyg (Circassian) epic. In 4 vol. Vol. 3. Badinoko. Shauei / edited by A.M. Gutov]. Nal'chik: Izdatel'skaya tipografiya «Print Tsentr», 2025. 556 p. (In Adyg and Russian)

*Narty. Adygskiy (cherkesskiy) epos*. V 4-kh t. T. 4. Malyye epicheskiye tsikly. Razroznennyye skazaniya / pod red. A.M. Gutova [Narts. Adyg (Circassian) epic. In 4 vol. Vol. 4. Small epic cycles. Scattered tales / edited by A.M. Gutov]. Nal'chik: Izdatel'skaya tipografiya «Print Tsentr», 2025. 424 p. (In Adyg and Russian)

PROPP V.Ya. *Istoricheskiye korni volshebnoy skazki* [The historical roots of fairy tales]. L.: Leningrad University Press, 1986. 366 p. (In Russian)

PROPP V.Ya. *Fol'klor i deystvitel'nost'* [Folklore and reality]. M.: Nauka, 1976. 326 p. (In Russian)

*Sravnitel'nyy ukazatel' syuzhetov. Vostochnoslavyanskaya skazka* [Comparative index of plots. East Slavic tale / Ex. ed. K.V. Chistov]. L.: Nauka, 1979. 438 p. (In Russian)

FAIGIKBNTSRAN – Fonoarkhiv Instituta gumanitarnykh issledovaniy Kabardino-Balkarskogo nauchnogo tsentra Rossiyskoy akademii nauk [Phonoarchive of the Institute for Humanitarian Research of the Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences]. (In Adyg)

FREZER Dzh.Dzh. *Zolotaya vetv'* [Golden branch]. M.: Izdatel'stvo politicheskoy literatury, 1984. 704 p. (In Russian)

FREZER Dzh.Dzh. *Fol'klor v Vetkhom zavete* [Folklore in the Old Testament]. M.: Izdatel'stvo politicheskoy literatury, 1985. 512 p. (In Russian)

KHUT Sh.Kh. *Adygskoye narodnoye iskusstvo slova* [Adyghe folk art of the word]. Maykop: Adygeyskoye respublikanskoye knizhnoye izdatel'stvo, 2003. 536 p. (In Russian)

SHORTANOV A.T. *Nartskiy epos adygov* [Nart epic of the Adyg]. IN: Narty. Adygskiy geroicheskiy epos / otv. red. V.M. Gatsak [Narts. Adyg heroic epic / Ch. ed. V.M. Gatsak]. M.: Nauka, 1974. P. 8–35. (In Adyg and Russian)

THOMPSON S. *The types of the folktale.* A classification and bibliography. Antti Aarne's «Verzeichnis der Märchentypen» (FFC № 3) translated and enlarged. Second revision (FFC 184). Helsinki: Suomalainen Tiedeakatemia, 1961. 588 p.

**Авторым теухуауэ**

**Быхъурэ М.Ф.** – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, адыгэ IуэрыIуатэ секторым и унафэщI.

**Информация об авторе**

**М.Ф. Бухуров** – кандидат филологических наук, зав. сектором адыгского фольклора.

**Information about the author**

**M.F. Bukhurov** – Candidate of Sciences (Philology), Head of the Adyg Folklore Sector.

Статья поступила в редакцию 16.09.2025; одобрена после рецензирования 02.12.2025; принята к публикации 15.12.2025.

The article was submitted 16.09.2025; approved after reviewing 02.12.2025; accepted for publication 15.12.2025.